Endraswara, Suwardi. (2003). *Mistik Kejawaen, Singkretisme, Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Narasi.

\_\_\_\_\_. (2009). *Metodologi Penelitian Folklor*. Yogyakarta: MedPress.

\_\_\_\_\_. (2013). *Folklore Nusantara: Hakikat, Bentuk, dan Fungsi*. Yogyakarta: Penerbit Ombak,

\_\_\_\_\_. (2013). *Memayu Hayuning Bawana*. Yogyakarta: Narasi.

Fiske, John. (1990). *Introduction to Communication Studies, 2<sup>nd</sup> Edition*. Routledge.

Haq, Muhammad, Zairul. (2011). *Mutiara Hidup Manusia Jawa*. Malang: Aditiya Media Publishing.

Hermawan, Deny. (2013). *Semar dan Kentut Kesayangannya*. Jogjakarta: Diva Pers.

Koentjaraningrat. (1994). *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka

\_\_\_\_\_. (1997). *Metode-metode penelitian masyarakat*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

\_\_\_\_\_. (1999). *Manusia dan Kebudayaan Indonesia*. Jakarta: Penerbit Djambatan.

\_\_\_\_\_. (2009). *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: PT Rineka Cipta

Santosa Budhi, Iman. 2012. *Spiritualisme Jawa; Sejarah, Laku, dan Intisari ajaran*. Yogyakarta: Memayu Publishing.

Sims Martha C. and Martine Stephens. (2005). *Living Folklore an introduction to the study of people and their culture*. Utah: Utah State University Press.

Spradley, James and David W. McCurdy. (2011). *Conformity and Conflict: Readings in Cultural Anthropology*. New Jersey: Pearson Education, Inc.

Sumodiningrat, Gunawan and Ari Wulansari. (2014). *Pitutur Luhur Budaya Jawa*. Yogyakarta: Narasi.


Sutiyono. (2013). *Poros Kebudayaan Jawa*. Jogjakarta: Graha Ilmu

Suseno, Franz. Magis. (1984). *Etika Jawa: Sebuah Analisa Falsafi Tentang Kebijakan Hidup Jawa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama

Syafaat, Rachmat, et al. (2008). *Negara Masyarakat dan Kearifan Lokal*. Malang: In-TRANS Publishing.


Wiryan, S. 2014. *Seni Budaya dan Warisan Indonesia; Manusia dan lingkungan budaya*. Jakarta: Aku Bisa.

Woodward, Mark. (2011). *Java, Indonesia and Islam, Muslim in Global Societies Series 3*. London, New York: Springer Science + Business Media.





# APPENDICES



**Appendix 1**

- Date interview** : July, 4, 2016
- Time of interview** : 20:00
- Place of interview** : In Mr. Agus House
- Interviewer** : Researcher (Luqman Hakim)
- Informants (1)** : Mr. Agus (The former headman of Pelem Village)

*I(1)* : Asal muasal manten kucing, itu dulunya ndak ada namanya, jadi hanya anu, ada anu, gimana ya. Jadi kan gini awal mulanya, emm gak tau, entah kapan tahun berapa, konon cerita itu ya. Cerita turun temurun itu ya, gak tau tahunnya berapa, tapi masih gimana ya, masyarakat, nggak hanya masyarakat sini, tapi masyarakat lain masih dibelenggu penjajah. Kan ada bagian bagian wilayah, terus itu saja belum terbentuk suatu pemerintahan, desa iki ae belum terbentuk. Nah ini kebetulan yang sebelah timur, itu hidup seorang janda, namanya eyang sangkrah. Kita menyebutnya eyang sangkrah, terus konon cerita, eyang sangkrah itu masih keturunan dari eyang brahim. Eyang brahim itu yang babat daerah sini gitu loh. Itu kan ada tiga, konon cerita dari mataram. Terus mbah brahim itu yang di wilayah timur. Konon cerita itu meninggal makannya yang ada di itu, terus kebetulan ya memang ada sisa-sisa peninggalan, walaupun tidak ada secara data fix seng menyebutkan itu ndak ada, cuman disitu itu ditemukan batu bata. Terus eyang sangkrah itu konon cerita masih keturunan eyang brahim. Ndak tau keturunan yang keberapa yang pasti masih. Terus eyang sangkarh itu hidup seorang diri, terus dia punya piaraan kucing, namanya kucing condromowo laki-laki. Kucing condromowo itu, punya keistimewaan khusus, jadi lain disbanding dengan kucing lain. Jadi salah satu cirinya itu bulunya itu berwarna tiga, jadi istilahae telon, jenis kelaminnya laki-laki, terus itu keistimewaan di sorot matanya sangat tajam sekali. Bahkan katakanlah ada tikus, diatas hanya dilihat gitu ae iso jatuh, jadi memang punya keistimewaan lah. Bahkan itu memang langka, ada kucing telon, tapi perempuan. Konon cerita, kalo kucing betina melahirkan kucing telon jantan, langsung dibunuh. Nah kembali ke eyang sangkrah itu punya piaraan itu, terus waktu itu daerah sini, itu dilanda kemarau panjang. Terus suatu siang eyang sangkrah itu ke coban itu, telaga coban itu. dulu dibawah puhon jambu itu ada kedungnya itu, tapi karena erosi, banyak yang tertutup, sehingga kedungnya ilang. Nah itu disitu dimanfaatkan oleh masyarakat untuk kebutuhan sehari hari, ya mandi, ya nyuci itu di situ. Nah, karena dulu itu belum ada sumur ya mas ya, jadi untuk keperluan sehari-hari masyarakat ya disitu. Nah, jugak dengan eyang sangkrah, tiap harinya ya disitu, untuk kebutuhan sehari-hari ya nyuci, ya mandi, dan lain-lain. nah, namun, ndak pernah eyang sangkrah itu bersama atau ngajak kucingnya, nah suatu siang, eyang sangkrah itu kesitu, dia itu nyuci terus mandi. Nah konon cerita, kucingnya itu ikut diajak mandi sekalian disitu. Masyarakat yang tahu eyang sangkrah mandi dengan kucing itu ndak lama kemudian itu ada mendung, nah sebelum eyang sangkrah itu pergi, hujan turun. Loh kok hujan? Padahal kemarau panjang tidak ada tanda-tanda anu, kemarin-kemarin itu ndak ada tanda-tanda mau hujan. Beberapa tahun lagi, peristiwa kemarau itu terulang lagi, akhirnya dari pemuka-pemuka masyarakat, nah bahkan karena kehidupan masih pedalaman ya primitiv, kan belum mengenal keagamaan ya, jadi ritual sing koyok anu dilakukan, tapi ndak turun hujan. Akhirnya masyarakat saat itu ada ide, teringat peristiwa beberapa tahun yang lalu, daerah sini kemarau panjang terus eyang sangkrah mandi dengan kucingnya kok hujan. Terus akhirnya, itu apa diulangi lagi ya, akhirnya musyawarah dan sepakat. Akhirnya eyang sangkrah ditunjuk, mandi bersama kucingnya. Akhirnya eyang sangkrah mau, dan terjadi hujan lagi. nah makanya peristiwa yang kedua itu kan sudah mulai, apa melalui musyawarah untuk membujuk eyang sangkrah, akhirnya karena coba, mencoba untuk itu, akhirnya kedung itu dinamakan coban.

*R* : Itu kucingnya satu?  
*I(1)* : He'eh, tetep kucing yang lama. Terus karena kegembiraan masyarakat ya, itu kan "hore-hore udan-udan" akhirnya timbulnya tradisi tiban itu. tiban itu diambilkan, karena opo



tiban, ketiban udan. Udan ndadak ngono, dadi geblek-geblekan ngono saking senenge, akhirnya tiban itu. akhirnya perkembangan jaman, sudah ndak gablek-gablekan tangan, akhirnya pake lidi

R : Oh dulu pake tangan pak?

I (1) : Peristiwa, konon cerita itu, dadi ndak pake lidi, karena itu gablek-gablekan itu karena spontanitas rasa kegembiraan karena hujan itu. setelah itu, setelah eyang sangkrah itu ndak ada peristiwa kemarau panjang, jadi sudah ndak anu, cuma tiban itu karena sudah, akhirnya dikembangkan toh. Dikembangkan akhirnya pake lidi, bahkan tari tiban itu identik dengan minta hujan. Jdai ndak hanya disini, tapi mengembang. Tiap kemarau, eh wayahe udan iki, ndak udan udan, mengadakan tradisi itu, tiban itu pake lidi aren itu. karena sudah tidak ada kemarau panjang itu, dan eyang sangkrah juga sudah meninggal, cerita itu sudah terlampaui. Terus untuk wilayah-wilayah ndak hanya desa pelem ya, wilayah-wilayah lainnya, karena waktu itu masih pendudukan kolonial belanda, akhirnya kan lambat laun dibentuk pemerintahan. Waktu itu istilahnya belum lurah belum kepala desa ya, istilahnya masih demang. Itu alhamdulillah, jadi jadi demang untuk wilayah sini, itu eyang sutomejo. Kebetulan eyang saya sendiri. terus kalo orang dulu itu kan istilaha sekti. Saya sendiri belum, belum, jangkank kok melihat sendiri. eyang semasa masih hidup saya belum lahir. Eyang sudah meninggal saya belum lahir. Jadi kan belum tahu eyang saya itu. dadi menurut cerita, eyang sutomejo itu orang yang sakti. Jadi beliau, masyarakat anu tidak, niteni itu apa ya, paham betul eyang sutomejo punya kendaraan pribadi. Istilaha lek saiki kendaraan ya, lek dulu tumpakan kuda putih. Terus masyarakat sini sudah paham betul, jadi wayahe kemarau gini ya eyang sutomejo naik kuda, keliling desa itu sambil bersin-bersin itu masyarakat sudah, “weh iki meti arep udan”, ning yo betul beberapa hari itu hujan. Pokonya dengan kemampuan beliau itu akhirnya ditanggap. Masyarakat di niteni gitu loh mas. Terus sewaktu, ndak tau tahunnya berapa ndak tahu. Ndak ada bukti otentik, karena kita ndak, masyarakat waktu itu ndak berpikiran karena maklum. Oh peristiwa iki ditengeri ditandai gitu ndak ada. Jadi waktu itu masih kolonial belanda, sebelum merdeka itu dilanda kemarau panjang lagi wes parah kering kerontang itu. nah, eyang sutomejo selaku demang, secara moral kan mesti punya, “piye iki masyarakat ku ki”. Wes berbagai cara di coba tapi ndak kena. Dan meminta kepada yang maha kuasa, supaya turun hujan sudah dicoba tapi ndak hujan. Terus eyang suto mejo suatu malam, melalui tirakat beliaunya mendapatkan semacam firasat gitu ya agar supaya memandikan dua ekor kucing di coban. Entah waktu itu mimpi atau melalui apa ndak jelas, hanya mendapatkan wisik

R itas : Wisik?

I (1) : Iya wisik atau wangsit gitu ya, agar supaya melakukan itu. akhirnya dimusyawarakan dengan pemuka-pemuka akhirnya dilaksanakan pertama kali. Nah, karena saat itu, nah ini dihubungkan dengan cerita waktu eyang sangkrah. Nah kalo jaman e eyang sangkrah kan kucing laki cundromowo, eyang sangkrah sendiri seorang perempuan. Karena saat ini ndak ada kucing codromowo, akhire dua ekor kucing. Akhire ya penemu ya beliau eyang suto mejo yang harus kita mandikan dua ekor kucing laki-laki perempuan, akhire dilaksanakan seperti itu. terus kucing tersebut diambilkan oleh eyang sutomejo yang satu dari wilayah timur, satu wilayah barat. Terus diarak ke telaga situ terus dimandikan. Waktu itu ya sebatas itu terus hujan. Itu pertama kali setelah eyang sangkrah, eyang sutomejo melakukan seperti itu. terus itu belum timbul, muncul namanya manten kucing.

R : Dulu namanya apa pak?

I (1) : Ndak ada, ya hanya melaksanakan karena terdesak situasi kering kerontang itu terus eyang sutomejo itu mendapat wingsik untuk memandikan dua ekor kucing akhirnya ya itu, hanya sebatas itu. setelah itu, sekitar tahun 11, itu baru timbulnya istiah anu, untuk kedua kalinya anu, eyang sutomejo melaksanakan pemandian dua ekor kucing itu. itu sudah mulai di anu, itu sudah tidak melalui opo, proses mendapatkan wisik lagi ndak. Karena dilanda kemarau panjang terus akhirnya eyang sutomejo punya pemikiran wes iki. Awalnya sudah

dicoba ya tiban, ya tirakatan situ tapi ndak pernah hujan. "coba koyok ndisik" mungkin pemikiran beliau gitu, yaudah kita laksanakan lagi. akhirnya yo ngono. Nah itu sudah mulai anu, masyarakat sendiri sudah mulai banyak, terus arak-arakan sudah mulai banyak, terus diaraka dengan tiban, nah waktu itu sudah ada selamatan seperti itu. sudah, "yo lek ngono iki diarani manten kucing ae" ngono. Dadi wes, pola pikirnya kan sudah pola pikir anu, masyarakatnya kan semakin lama kan otomatis semakin bertambah to pola pikire. Itu tahun sebelas. Terus demang sutomejo itu melaksanakan hanya dua kali. Jadi yang pertama itu karena wisik, yang kedua itu sudah ada moderenisasi, ada penambahan itu ya. Terus akhirnya setelah itu, "wes iki diarani manten kucing ae"

R :Pak saya mau tanya ngegeh, kalo saya melihat itu dari segi agak ilmiahnya. Kan manten kucing itu diadakan dengan memandikan kucing dicoban itu kan pak. Saya kemarin sebelum kesini mikirnya kalo seandainya bergantung pada coban ritual itu, paling tidak masyarakat disini menjaga kelestarian alam disekitar situ. Jadi sehingga ada lingkaran harmonis antara masyarakat yang mayoritas petani dijembatani oleh ritual itu sehingga alamnya terjaga. Tetapi yang saya lihat disitu, kemarin alamnya agak rusak gitu

I(1) :He'eh emang gitu.

R :Setelah saya konfirmasi dengan bu yuni, itu kemarin, "ya coba sampean tanyakan ke pak agus"

I(1) :Ya emang gitu. Jadi tidak hanya kita kaitkan dengan manten kucing dan keberadaan wisata coban. Setelah saya menjabat itu kemarin, karena letak desa pelem itu di lereng gunung ya, dan kita tahu, pohon-hutan didaerah sini itu tinggal kenangan ya. Itu alhamdulillah itu sudah terbentuk LMDH, lembaga masyarakat desa hutan itu sudah kita bentuk waktu itu. kita sudah sering kali minta bantuan bibit. Tapi ya itu, lagi-lagi kembalinya pada person-person masyarakat yang kurang paham. Jadi kita sulu sering mengadakan penyuluhan sering tetep saja. dan itu tidak hanya terjadi di wilayah sini, di lain-lain daerah kan hutan dijarah, tetep kalah sama itu. ya tetap kita lestarikan sebetulnya itu, bahkan kalau dibandingkan dengan di wilayah, maksudnya Cuma di objek wisata itu agak mending, kayune sek enek daripada lain anu, akhirnya saya sudah. Tapi akhirnya karena lagi-lagi kalah dengan para penjarah.

R :Berarti memang sudah ada usaha ya pak ya?

I(1) :Sudah, tapi dari pengelola, setelah saya ndak menjabat saya lepas to. terus ganti pak padelan, pak padelan menjabat jadi perangkat, akhirnya jadi pak sulaji. Itu sudah sering mengadakan kegiatan itu, juga kita sering kerjasama dengan sekolahan seperti SMP boyolangu, degan pramuka mengadakan reboisasi, tapi ya itu sudah. Tetep ditebangi ae.

R :Kalau seandainya suatu saat pak, sumber mata air itu, kan sumber mata air itu tergantung pada hutan kan pak, katakanlah kering gitu. Itu bagaimana dengan keberlanjutan manten kucing?

I(1) :Belum ada pemikiran seperti itu, karena gini, sejak dulu sampek sekarang, itu coban itu belum pernah kering hanya debit arinya aja yang berkurang. Sebenarnya sudah ada langkah-langkah kongkrit tapi ya itu tadi, terbentur dengan itu.

R :Itu yang pertama pak, terus yang kedua kemarin saya tanya pak carik, memang keadaan geografis disini itu, sawahnya kan sawah tadah hujan ya pak, dan mulai sudah ada masuknya teknologi dengan sumur bor gitu. Itu seandainya nanti semua sawah itu, apakah mungkin pak semua sawah itu menjadi sawah yang ndak tadah hujan, maksudnya irigasinya?

I(1) :Kalo irigasi ndak mungkin, karena opo, itu ndak mendarat. Jadi dulu untuk saluran irigasi itu mentok kesana, tapi ndak kuat karena itu naik. Akhirnya separo, ndak ada separo sawah, desa sini yang terairi

R :Kalo bor?



I (1) :Nah itu yang irigasi, saluran irigasi. Akhirnya ya itu tadi, akhirnya alternatif pake sumur bor itu.

R :Jadi kalo untuk sumur bor masih ada kemungkinan ya pak?

I (1) :Iya, bahkan sini itu ndak terlalu dalam

R :Nah kalo dikaitkan dengan manten kucing pak. Manten kucing itu kan ada, muncul karena kekeringan gitu pak. Tadi yang bapak jelaskan tadi di awal itu memang tujuannya minta hujan agar tidak sampai poso atau gagal panen, nah sekarang itu kan seperti bapak sudah jelaskan, nggak sampe dalampun air sudah keluar ya pak. Jadi ada pergeseran fungsi yang dulunya itu memang media untuk minta hujan, sekarang sudah bergeser?

I (1) :Iya bergeser. Karena memang juga kedua gini mas, kan sekarang kita mengadakan harus pintar pintar mencari waktu yang tepat. karena kalau ndak, memang kalau dilaksanakan waktu musim penghujan, mosok manten kucing anu, paling ndak ki sudah ndak ada hujan kan gitu, jadi harus pintar mencari waktu, agar supaya tidak berbenturan dengan masyarakat petani. Dan kebetulan masyarakat kita itu daerah pertanian sini itu. masyarakat kita mayoritas petani dan sekarang karena kemajuan jaman dan khususnya dari segi pertanian itu masyarakat sini sekarang kalau musim kemarau, polowijo itu sudah ndak jagung. Tanaman jagung itu sekarang sudah bergeser, sekarang yang banyak tembakau, terus melon, semongko, brambang. Itu kan pola pikirnya lain kan kemajuan pertanian untuk peningkatan produktifitasnya yang jauh bila dibandingkan dengan jagung. Nah itu kan anti air semua tanaman itu. makanya kalo masyarakat sudah menanam itu, kita mengadakan, kita khawatir. Walaupun misi kita tidak minta hujan, katakanlah misi kita untuk seni, dan akhirnya hujan kan rame toh. Masyarakat kan mesti komplain gitu. Jadi kita lihat, oh ini belum nanam, jadi kita adakan. Jadi kalo sudah bulan-bulan gini kita ndak berani mengadakan karena ini tambakau kan sudah tanam walaupun masih anu itu. jadi sebelum tanam itu, sehingga manten kucing itu diadakan waktu tertentu. Harus dilaksanakan tepat bulan ini ndak ada. Katakan ya sering, kemarin berapa tahun ndak mengadakan

R :Tapi ada pak, sampe sekarang tujuannya ndak di komersilkan? Maksudnya masih murni seperti yang bapak tadi katakan. Atau semua bergeser?

I (1) :Jadi gini, itu melihat situasi kondisinya alam, kalau memang kemarau panjang dan memungkinkan untuk itu, kita adakan. Tidak ada lagi untuk promosi saksikanlah itu sudah ndak ada gitu loh. jadi selama saya terjun di coban, saya mengadakan manten kucing tanpa promosi, itu Cuma sekali, tahun 2008 itu yang banjir itu. itu ndak ada promosi ndak ada anu, memang misi kita saat itu memang mengadakan itu. enek sing ndelok yo kono, ora yo kono. Kita ndak pikiran itu. karena yo ndak di karciskan.

R :Kalo ndak ada promosi itu apakah juga ada promosi yang pertama, dan yang kedua ada tontonanya?

I (1) :Justru gini, jadi itu sebagai umborampen, pelengkap. Kan selamatan itu bukti tanda sukur kita, tapi yang pertama seperti eyang sutomejo itu sudah ndak ada itu, baru yang kedua itu ada. Terus saya sendiri tetep. Makanya belum sampe dikajatne sudah hujan.

R :Tapi kalok di ritual yang di kabupaten, terus di jawatimur itu memandikannya gimana?

I (1) :Ya Cuma gini, ya Cuma gambaran bahwa ini, kan ada narasinya. Selolah olah saya menghadap telaga, ini kucing ya gitu.

R :Tapi kalo disini memang harus turun di telaganya itu pak ya?

I (1) :Iya, ya murni saya anu air.

R :Iya pak, ini setelah ada larangan dari MUI itu pak, saya kemarin tanya bu yuni dana untuk manten kueng itu diberhentikan, itu apa bener pak?

*I(1) :Iya, terus akhirnya kan tidak di anu ya, terus baru 2013 kemarin pak heru saya sempat ngomong-ngomong dengan beliau-beliaunya. Waktu itu saya sempat ngomong-ngomong dengan bu yuni itu, “piye pak kan ada dana yang bisa dipake”, tapi karena dulu itu karena kesibukan saya, “ya bu” mek tak iya ni tok. Memang pasca itu akhirnya di dinas pariwisata dak ada pos.*

*R :Sebelumny ada pak ngegeh?*

*I(1) :Sebelumny ada, ada khusus memang disediakan waktu itu. jadi MUI itu setelah kit jelaskan seperti itu jadi haram itu kalo perlaksanaanya semacam itu, ya saya salahkan. Kalo timnya kita lihatnya dari sudut apa, disitu saya tidak meminta ke Dhanyangan itu. saya tetep mintanya kepa Allah. Akhirnya alhamdulillah paham, sebenare seperti itu. tapi karena dulu itu ada persert ayang melaksanakan keluar dari rel ya terus akhir ya ndak beda jauh dengan manten sungguhan, manten manusia. jadi yo diarak, karo solawatan. Jadi sambil jalan itu disampaikan, iki mantene jenengne agus, seng wedok siti. Aku ae sempat, aku kan ya kebetulan kenal sama pak camat e, “yaopo iki kok ngene?”, “lah ben kondang sampean” hehe. Lah udah masuk pendopo, itu pelaksanaan ritual kan gitu, nah itu baru disampaikan ijab kobul e. Kebetulan saat itu ketua MUI tulungagung kan juga di pendopo, kaget, “loh kok ngene?”. Sesoke mencak-mencak kae, ‘manten kucing haram’.*





**Appendix 2 a**

**Date of interview** : **February, 20, 2015**

**Place of interview** : **Mbah Sandi's House**

**Interviewer** : **Researcher (Luqman Hakim)**

**Informant** : **Mbah Sandi**

R : *Mbah Sandi seja-rahe..*

I(2) : *Seja-rahe ngene le yo, seja-rahe mbiyen ki naliko lurahe mbah Suto Mejo, naliko lurahe mbah suto mejo ki kene ki coro jawane gadhu*

R : *Gadhu niku nopo?*

I(2) : *Nandur pari gadhu, kurang banyu ora eneng udan, cut kui inshallah jaman sakmono mripeni kon gae manten kucing. Terus gae manten kucing kui embuh tahune, soale aku duduk kelahiran kene. Tahune ki embuh ngenengne manten kucing ngenengne tiban.*

R : *niku saking mimpi?*

I(2) : *Ho'oh asale ngipi terus yo dienengne manten kucing kui, cut saban tahun pokoke saban tahun lek kurang udan lek nandur pari kon gae manten kucing ngono loh le. Seja-rahe manten kucing ki yo jupuk manten kucinge sopo teko lio deso, terus soko deso ngendi ngono terus di dapukne terus di rabekne, saknaliko ki yo ditemokne nek sor jabu kono. Sing kulino nemokne kui yo aku iki. Ngono loh.*

R : *Lha kok kudu teng jambu niku nopo*

I(2) : *Yo pancen danyangane yo kono kok, terus pesadranane neng coban kono.*

R : *Pesadranan niku nopo?*

I(2) : *Pesadranane kui coro jawane yo punden. Yo punden coro jawane. Jaman sakmono kui sak bubare dienekne manten kucing tiban, tibane rung mari ki udane wis deres. Yo ngono kui seja-rahe. Terus dienekne sampek saiki manten kucing kui sampek teko Jakarta mbarang biyen*

R : *Oh ngoten, njenengan diundang mriko*

I(2) : *Ndak adikku lor kui tukange tiban, mandegani teko anu kono, ambek lurahe jaman lurahe agus sampek teko jakarta. Yo ngono kui seja-rahe biyen. Iki dakanuke ndak enek dienekne manten kucing cut ndak udan-udan. Terus iki kae coro jawane dienekne manten kucing, slametan tapi ndak enek tibane yo ndak udan. Dadi lek manten kucing ki kudu enek tibane.*

R : *Prosesine ngoten loh, maksude diarak, terus didus*

I(2) : *Ho'oh, diarak yo koyok 17 kae, dadi ibarate kucing ki teko perbatasan, seng sitok ki teko deso banyak kono, sing sitok teko pelem.*

R : *Oh niku kudu saking deso sing bedo?*

I(2) : *He'eh ndak sak deso, tapi dipek swiwine le. Dadine antarane batas kono ibarate, tengah tengahe kono karo mbangak. Keni iki yo dek, desone pelem, dukuane ki 5 dukan, bangak, jambu, mbangak, pelem, junerejo. Sejarah biyen ki yo le, nalikone ngenekne sepisan ki kan bangak ki enek gebang, wit gebang ki ra karo karoan. Punden ki sing gedhi yo enek wit e gebang enek manuk, opo kui, manuk kuntul ki podo nglumpuk neng kono. Dadi podo mencok neng punden kono, neng gebang kono. Manuk kuntul ki dianggap manuk cangak, makane mbangak ki dianggap gebang karo cangak ngono le seja-rahe. Yo deso pelem, biyen peleme yo sing ngalahne deso pelem ki ndak enek. Lekdeso jambu ki koyok koyok mben omah biyen ki pager pager ki wit jambu, ning jambu klampok sing ndak enak dipangan. Terus saiki jambu klamok ki sing enek yo mek neng punden coban kui. punden coban kui seja-rahe biyen lek wayah rendeng le, lek wayah rendeng ki suarane kemrosong kui*

bloronge yo metu. Ngono loh le sejahe. Mbiyen sakdunge aku neng kene wes dieneke manten kucing

R :Lha nopo to mbah niku kok harus beda deso ngoten, eh nopo, deso dukuh?

I(2) :Yo lek tunggal sak deso ki kan manten kurang tepak, ngono le. Dadi sing teko bangak ki yo diarak teko kono. Kudu sing wedok disik, engko lek sing wedo disik terus sing lanang teko dadi sing wedok yo mapak neng kono. Yo wes koyok manten ngono ditemokne ngono. lha sing nggendong manten wedok kui engko yo kui ra bedo manten, gantae? Yo dibandemne disek nggone manten lanang kui, sing nggendong kucing lanang kui. yo lek nemokne yo ra bedo diubeng-ubengne koyok manten ngono. Yo didus, kucinge ki yo didus neng ngesore jambu kono. Yo eruh ku iku yo mek ngono kui, kon nemokne yo kon tukang kajat. Lek sejarah biyen-biyene kui, babate sepisan enek e manten kucing kui, sing sepisanan ki diarani mbah suto mejo. Mbah suto mejo ki sekolahe, lek coro sekolah endek ning lek coro .... duwur wong pinter tumpakane jaran. Dadi jaran ki yo nyimbulne danyang kono le, pundhen kono ki kan demenane jaran putih dadi mbah luarh ki tumpakane yo jaran putih. Sampek pirang-pirang tahun ki jaran panggah nduwe. Mben mati sitok enek neh, ngingu sampek manak-manak ngono kui. omahe yo kono kui lo le, omahe mbah suto mejo kui etan sekolahan kui enek tok token. Yo kae enek brak e tipake sepedah kae yo tipake mbah lurah demang.

R :Engkang wau, dados sejahe saking mimpi nggeh?

I(2) :He'eh, teko mimpi wes kok catet ya maeng. Cut saiki slametane ya, slametane ki lodho sego gurih ki yo ngeneki anu, lodho sego gurih sedekah neng nggone kanjeng nabi muhammad hajad niate pak lurah, setap deso, masyarakat sak deso pelem. Kajate yo ngono kui. terus nyambung tuwuh

R :Nyambung tuwuh niku nopo mbah?

I(2) :Yo janji kok tulis nyambung tuwuh engko gurumu kan ngerti yo'an. Nyambung Tuwuh ki, nyambung kajate nyambung tuwuh manten sekarone, nyambung tuwuh pak lurah, nyambung tuwuh setap desa sak desa pelem, masyarakat sak deso pelem. Supoyo diparingi panjang umur, lancar lek nyambut gawe, opo sejane kelakon. Terus golong limo

R :Sego golong niki?

I(2) :He'eh, sego golong kui, nggolongne manten sekarone, pak lurah nyang setap deso iso gumolong-gumolong, masyarakat sak deso pelem. Buceng kuat, supoyo manten sekarone iso kuat slamet sing nemokne yo kuat slamet, lurah sak setap e supoyo slamet, masyarakat supoyo slamet. Sego punar, njemukne manten sekarone, njemukne manten sekarone

R :Njemukne niku nopo?

I(2) :Njemukne iku supoyo roh e manunggal karepe. Njemukne manten sekarone, njemukne lurah sak setap.e, masyarakat sak deso pelem, kupat luar polo kependem, jenenge maesa agung, enek keluputane opo wae kemanten sekalian iso rukun, keluputane lurah lan setap iso rukun, iso rukun wong sak deso pelem. Sek tak ngen-ngen e. Brokoan

R :Brokoan niku nopo?

I(2) :Brokoan niku sego lawuhe janganan

R :Segone sego gurih nopo..

I(2) :Ndak, ndak sego gurih, sego biasa, lawuhe janganan karo ndog

R :Kulupan ngoten?

I(2) :He'eh kulupan. Kui mbrokohi manten sekarone, mbrokohi lurah sak setap e, mbrokohi masyarakat sak desa pelem



R :Mbrokahi niku nopo maksude mbah?  
 I(2) :Mbrokahi kui coro jawane, iso ayem tentrem uripe neng kono, rasane wong-wong kui, iso'o cocok karo sing njemukne ki iso kumpul dadi siji ojo sampek mecah belah. Nggenah yo? (nggeh) he'em.

R :Jenang suro ngoten wonten?  
 I(2) :Kui lek sasi suro enek jenang suro le. Ho'oh wes tulisen jenang suro.

R :Jenang suro ki nopo?  
 I(2) :Jenang suro ki nolak balai neng sasi suro

R :Nolak balak?  
 I(2) :He'eh, nolak balak sasi suro, ojo sampek temomo neng mantene, neng lurah, neng setap deso, neng masyarakat sak deso pelem. Iki omongku sembarang mlebu kene yo?

R :Mlebu kene mengke kulo catet  
 I(2) :Terus eneke tontonan

R :Tontonan niku nopo mbah?  
 I(2) :Tanggapan (oh nggeh) ho'oh, tanggapan ki eneke tontonan sembarang sing mlebu neng kono, kui termasuk iso'o gawe senenge manten sekarone, senenge lurah sak setape, senenge masyarakat sak setape.

R :Tontonane kok mesti tiban ngoten nopo to mbah?  
 I(2) :Yo ndak mesti, lek tibane kui mesti enek. Tiban yo uyon-uyon yo jaranan yo reog yo mesti

R :Wonten maleh?  
 I(2) :Sek-sek.

R :Cok bakal ngoten wonten?  
 I(2) :Eneng le, cok bakal ki eneng, cok bakal ki nangndi yoan, ndak perlu kok lebokne

R :Tapi mesti eneng nggeh?  
 I(2) :Mesti enek

R :Mboten nopo-nopo mbah kulo masukaken mawon  
 I(2) :Cok bakal ki yo genep limo

R :Cok bakal genep limo?  
 I(2) :He'eh, dipasang, cok bakal limo kui dipasang neng desoadu mrapat karo neng balai desa sing sitok

R :Neng deso nopo?  
 I(2) :Adu merapat

R :Adumrapat?  
 I(2) :He'eh

R :Adumrapat niku nopo mbah?  
 I(2) :Coro jawane adu mrapat ki sing etan, sing lor, sing kidul etan, yo sing etan kidul etan, sing kulon kono kidul kulon, sing kulon kono lor kulon.

R :Emm, nopo kok kudu limo mbah?

I (2) :Limo, sitok yo sing neng bale deso kui. cok bakal limo, cok bakal limo kui supoyo ngaweruhi kakiamong niniamong, sanak dhanyang supoyo masyarakat deso pelem nanduri opo wae kudu metu

R :Kakiamong?

I (2) :He'eh, kakiamong niniamong, terus sanak danyang, kui supoyo dicepaki ngono kui supoyo ditanduri opo wae ojo nenk gangguan opo wae

R :Niku nopo papat kiblata limo pancen ngoten niku sami?

I (2) :He'em, yo kui, cok bakal ki yo kui, papat kiblata limo pancen, dadi sing sitok kui nang tengah

R :Jane papat kiblata limo pancen niku nopo sih mbah?

I (2) :Sak tenane?

R :Nggeh?

I (2) :Papat kiblata limo pancen ki, saktene sedulurmu kui kabehe kan papat

R :Sedulure papat?

I (2) :Dulur mu kui papat, limo wujudmu kowe kui, ngono lo le. Mulane kowe kui dulurmu papat, papat ki engko lek kok goleki tenan enenge yo wes koyok kowe ngene iki, papat ki podo, suarane podo, rupane podo. Engko lek ora percoyo ngomongo bapakmu, bapakmu ndak percoyo kon rene. Lek koe pengen eruh didudohi karo mbah sandi. Pokoke kowe kelar lakune kon nggoleki

R :Niku nopo sami kaleh kakang kawah adhi ari-ari ngoten niku?

I (2) :Lek kui durure bareng sak uwat le, kakang kawah adhi ari-ari kui batur bareng lahir

R :Dadi seje kaleh dulur sing papat kui nggeh?

I (2) :He'eh, seje. Saiki dulur sing papat ki, asale awakmu soko bumi, geni, banyu, angin. Asalmu awakmu soko bumi, geni, banyu, angin papat kui, cut limo wujud awakmu kui ngono loh. makane diarani keblata sekawan gangsal ko wonten tengah, sing tengah ki wujud awakmu. Sing keru dewe lek isik sedeng, kembar mayang

R :Kembar mayang?

I (2) :He'eh

R :Nopo mbah niku?

I (2) :Kembar mayang kui, enenge roh e manten sekarone kui iso kumpul dadi siji ngono loh. diarani kembar mayang ki, wujud yo diarani kembang purwojadi pang papat limo punggur ki lingguhe yo neng awake dewe. Mulane diarani mekari ki sak bubare dadi manten supoyo mekar angen-angene. Coro kowe rabi kudu pecah ngen-ngene, ojo panggah koyok joko. Kowe dadi manten mbesok kan kowe kelangan. Kelangan nopo? Kelangan joko. Bojomu yo kelangan prawane. Ning koe lek lek murabi ra rukun, cut nemu, nemu opo? Nemu dudo, bojomu nemu rondho hehe. Yo kudu duwe cita-cita, aku mbesok kudu iso nyambut gawe. Aku lek rabi kudu cukup sepisan.

R :Dadose wau persyaratane kulo baca maleh nggeh. Umborampene niku lodho sego gurih, terus nyambung tuwuh, golong limo, buceng kuat, kupat luar, sego punar, kolo pendem, brokoan, jenang suru, cok bakal, kaleh kembar mayang. Wonten maleh?

I (2) :Mboten

R :Kulo wau cirose pak lurah wau kucinge kudu kucing telon ngoten?

I (2) :He'eh. Condromowo biyen.



R :Kucinge condromowo?  
I (2) :He'eh, Kucinge kudu condromowo. Diarani kucing condromowo kae lanang ning sing telon. Lek kucing telon wedok kan pirang pirang.

R :Lek mboten telon dos pundi mbah?  
I (2) :Yo lek cetuk yo golek sing ngono lek ndak enek golek sak cetuk e. Dakanu kae wayah direjakne, disilehne manten, anu kucing sing duwur duwur lembut. Kucing opo jenenge (anggora) nah, digolekne anggora. Dadi sampek tulungagung kui digendong

R :Dadi kucinge niku kan saking bedo dusun nggeh, dadi lek neokne niku teng cobane nggeh, mboten teng kantor desa?  
I (2) :Dak, yo neng cobane kono. Neng coban ditemokne, terus neng coban di dus neng ngesor jambu. Yo ora ketang di lap i tok

R :Dadine lek pengen udan tenanan kudu lengkap nggeh, kudu enten tiban, enten..  
I (2) :Tiban, utamane tiban kui.

R :Lek tiban niku sejaraha dospundi mbah?  
I (2) :Lek tiban ki yo sabetan ujung kui loh, sampek metu getihe mancur-mancur ngono hehe.

R :Dadi riyen niku adu kekuatan ngoten nggeh? Nggeh saking ngendi ngendi ngoten  
I (2) :He'eh. Jalarane kon ngono kui sejaraha biyen, sarehne neng kono kui kalah sampe mati, diarani puntilanak kui. terus jaman semono, negoro kene biyen critane ki kan nglakoni silem

R :Silem niku nopo mbah?  
I (2) :Silem ki yo kelem, belung belunge uwong ki digrabyak neng brang kidul ki gek liane podo keru, sing keru yo karo gusti Allah kui, "nyapo kok keru?", eman babatane, makane kui sing keru didadekne sanak danyang ngemongi, mbesok lek tukul jalmo manungso neng kene mongen, kowe jenenge kakiamong niniamong karo sanak danyang.

R :Danyang niku asline nopo mbah?  
I (2) :Dhanyang ki sing mbabat biyen

R :Lek mriki seng mbabat sinten mbah? Ngertos?  
I (2) :Sing mbabat kene yo kui mbah coban kui, mbah brahim.

R :Dados pas ngujubaken ngoten nggeh disebut?  
I (2) :He'em disebutne mbah brahim ngono.

R :Maksude temanten kucing niku sarate podo karo manten uwong?  
I (2) :Nah, podo karo manten uwong. Biyen kui nggrucit, bar nggrucit kui dienekne slametan

R :Nggrujit niku nopo mbah?  
I (2) :Nggrujit ki yo nggawe kembar mayang kui loh, kui kan nggrucit jenenge.

R :Oh, kembar mayange saking nopo?  
I (2) :Janur.

R :Niku kok kudu janur ngoten nopo mbah? Mboten angsal..  
I (2) :Kudu janur kui lek biyen. Lek saiki arang janur, wong suroboyo jarang janur kembar mayang yo sak ler ngono kui. sing digawe plastik hehe

R :lha nggeh, niku, maksude lek janur wonten maksude nopo ngoten?

I (2) :Janur ki, sejane ki awake ki kan soko nur. Soko nur ki, diarani nur ki air manine wong tuwek antarane manine bopo ibu. Iki urung dadi bayi ki jenenge ujud nur

R :Wujud nur?

I (2) :He'eh, kui wujud ki sek koyok riyak. Cut iki engko, coro jawane gotro bayi iki engko bakal bocah ki diwenehi kedhet

R :Kedhet niku nopo mbah?

I (2) :Kedhet ki yo obah, jud, jud, jud (ohhh) urung dikeki nyowo (oh dereng ngoten niku?) urung. Bareng dikeki nyowo, umur limang sasi jabang bayi ki dikeki nyowo, ning urung dikeki sukmo.

R :Oh sukmo kaleh nyowo niku seje?

I (2) :Seje

R :Lek nyowo niku nopo mbah?

I (2) :lek nyowo ki nyawamu ujud awakmu kui, wujud raiiso ngaleh, ning lek sukmo iso nglinggar rono-rono. Lek kowe sekolah ki muleh aku kok ngipi jik neng kampus, kui kan sukmanu sing dolan neng kono kui. aku ngipi sir-siran neng kono kae kui kan sukmane. Dikeki nyowo terus umur pitung sasi punjul limang dino diwei dicemplungi maneh sukmo karo digawani sing nggodho awake (napsu?) corone sing nggodho awake ki sing diarani, supiyah, amarah, aluwamah, mutmainah (nopo niku?) loh, awake neng ndonyo kui lek nglakoni iki, papat iki, ndak dadi uwong. Liane mek kesenengane tok ora eneng. dadi manungso kui mentale kuat opo ndak. Kilo kowe uripo bareng manungso. Mbesok balikmu soko ndonyo yo bareng karo si kae.

R :Kulo tak catet e mbah, amarah niku nopo mbah?

I (2) :supiah, amarah

R :nggeh supiyah. Supiyah niku napsu nopo?

I (2) :amarah, aluwamah, mutmainah. Supiyah ki yo sing gawe goro-goro awake gawe rencana opo ae

R :sing gae goro-goro?

I (2) :He'eh. Ibarate utek sing ndak apik lah kenek pengaruhe jin setan. Amarah ki sing marai, pinter elek apik kui yo amarah kui. kepinterane manungso kui, apik ora yo amarah. Aluwamah kui, kesenengane kui engko lek nuruti aluwamah, awake ki ndak nduwe bondo donyo. Senengane sembarang-mbarang diujo

R :Lek mutmainah?

I (2) :Mutmainah ki podo wae karo supiyah, amarah, aluwamah, mutmainah ki. Sing rodok nduwe ketioso yo amarah kui. amarah kui, nduwe kepinteran yo sugih nesu. Lek diomong wong marah wong marah ki kan mesti nesu. Ning tanpo eneng amarah, menungso kui yo mendho ela elo.

R :Niku seje kaleh papat kiblat limo pancer?

I (2) :Seje. Lek sedulur papat sing podo rupane kenek kok ngetme. Kenek kok ngetme lek cocok lakumu, sing terakhir kowe arep cetuk ki, kowe mapan turu kudu nggowo milon (melon?) milon (milon ki nopo?) koco milon

R :Lek lodho sego gurih ngoten niku, lek umpami segone mboten gurih ngoten dospundi mbah?

I (2) :Opo iso to le?

R :Mboten saget? Pun pasangan ngoten?



I (2) :He'em. Lodho sego gurih ki enek sing kuning enek sing ora.

R :Lek temanten kucing niku sing nopo?

I (2) :Segane biasa. Ning lek bongso cino, lek diarani lodho sego gurih ki kan sego kuning. (lek cino niku?) he'em, enek wedhus e

R :Nyimbulne nopo mbah lodo sego gurih niku?

I (2) :Yo nyimbulne njaluk slamet kui. sing di sediani kanjeng nabi Muhammad. Sediane neng kanjang nabi Muhammad lan sak putune sak putrane. Terus diarani garwo putro

R :Nyambung tuwuh niku nopo kados kulup ngoten?

I (2) :Sing lawuh e kulupan kui brokohan le. Lek nyambung tuwuhki yo buceng ngono loh. (oh buceng) he'eh. Buceng kui lek wong siji-loro, wong siji loro, dadi engko lek batihe loro loro peng limo. Cut lemek e engko ketan, terus enek ripihne (ripi?) ripih

R :Ripeh niku nopo mbah?

I (2) :Ripeh ki yo embuh, kok dijenengne ripih. Koyok glepung ngono terus digambari koyok sendok, digambari koyok enthong, koyok glepung digambari prahu, yo gedang mateng enak dipangan uwong kui. kui jenenge ripih.

R :Lek golong lino niku wujud nopo mbah?

I (2) :Golong limo kui yo sedulure papat kui maeng

R :Nggeh maksud kulo dalam bentuk, teng slametan niku dalam bentuk..

I (2) :Yo dibunteli koyok berkat kae

R :Berkat?

I (2) :Berkat digolong limo kae

R :Jenang ngoten?

I (2) :Ndak, sego biasa, sego biasa dibuntel sak mene-mene ngono

R :Dibuntel damel nopo?

I (2) :Godhong

R :Godhong gedang?

I (2) :He'eh

R :Namung sego biasa? Mboten gurih?

I (2) :Sego biasa

R :Sego biasa dibuntel, tapi kabeh e limo ngoten nggeh?

I (2) :Kabeh e limo, engko lawuhe ditakir ngono karo lek ibarate engko sing disambung tuwuh ki dino jemuah engko janganan lauhan entah (nopo?) luluan entah (luluantah?) he'eh

R :Luluantah niku nopo?

I (2) :Yo janganan entah ngono kui loh, godhong turi, sakandhane, engko ditumpangne awor golong limo kui maeng. Ujud e kui nylameti sedulure papat dinone apik, diluihi sandhang pangane karo Gusti Allah.

R :Rek buceng kuat niku, cirose nduwure wonten ketane ngoten? nggeh lerès niku?

I (2) :Buceng kuat ki ketan kabeh le

R :Oh sedoyo ketan?

I (2) :He'eh

R :Lek buceng nopo, nyambung tuwuh niku, anu  
I (2) :Sego biasa

R :Sego biasa tapi bentuke buceng ngoten? terus wonten nopone ngoten?  
I (2) :Ndak

R :Wonten ndoge nopo anu  
I (2) :Yo lek lawuh ane ki yo ndog, lawuhane nyambung tuwuh ki. Eneng ndog e digodhog ngono terus disigari ngono. Dionceki terus disigari

R :Lek menawi buceng kuat lawuhe nopo?  
I (2) :Lek buceng kuat ki ndak enek lawuh e

R :Oh ndak enek lawuhe, ketan biasa ngoten?  
I (2) :He'eh, didadekne buceng

R :Buceng niku nopo to mbah kok kudu ngeten ngoten bentuke?  
I (2) :Diarani buceng karepe ki yo, buceng ujude koyok gunung, gunung kan lincip ngono koyok kukusan ngono hehe

R :Lha nopo, wonten sejarahé nopo mboten ngoten niku, nyapo kok bentuke kados niku ngoten?  
I (2) :Sejarahé ki lek kowe arep nekokne buceng ki, mulane buceng kuat ki wujudé lincip, uripe menungso kui ojo mung setithik pendhek. Sing diantah kudu duwur, coro kelakon opo ora kan embuh. Mergo lelakone manungso kui kalah karo kodrat. Yo lek dikodratne kowe sugih ibarate, nglakoni kaji peng papat nglumpukne bondo donyo karo bojo iso ngge kaji, ning kodrate mari kaji peng papat kui kudu bubar karo sing wedok, ora kurang. Kan mesthine kari nglumpukne bondho donyo, ngopeni anak putu, iyo to? (nggeh) nah, saking kenek kodrate gusti Allah, mbokmu saiki tak wayuh. Lha wong wedok kan yo mesti ndak gelem. Lha wong lanang arep wayuh ki pomo diwalik, bapakmu aku tak wayuh yo, hehe terus seng wedok pomo piye rasane? Mengungso lek ora diwolak walik ngono pora yo menange dewe? (nggeh) dianggep lek wong lanang kuasa? Podho wae lek kekuasaan kui, opo maneh saiki lek uwung sing ora drajat pangkat. Ndak derajat pangkat, coro ketingkatane ki duwur wong wedok.

R :Emmm, kok saget mbah?  
I (2) :Yo iso, yo wong lanang kon lungo nang Malaysia, limang tahun, nglakoni seneng neng kono, muleh ndak nggowo duwit. Ning wong wedok neng malaysia limang tahun, kesenengane dituruti, mulih tambah sugih. Mergo wong wedok lek seneng kan oleh duwit. Wong lanang seneng sak e bolong (oh, nggeh ngertos hehe) heheh. yo mugo-mugo wes cukup kui, dadi ular-ulare lekmu sekolah. Lekmu sekolah iso lancar, kowe mbesok diparingi panjang umur opo kerjamu Gusti Allah maringi damai

R :Aamiin. Anu mbah, lek sego punar niku nopo?  
I (2) :Sego punar yo njemukne kui.

R :Mboten maksude, sego gurih nopo.  
I (2) :Ndak, sego biasa, ning coro jawane piye yo. Ngono kae dicetak ngono dikekne neng anu, neng piring, ning lemek e ki dikeki, janur adu merapat ngene. Mari janur, dikeki godhong, ge numplek sego kui. cut segone kui nduwure dikeki sego kuning titik ngono kui, terus dilawuhi sronheng karo yo opo ngono lawuh e, yo ndog. Kui jenenge sego punar.

R :Mboten dibentuk buceng ngoten?  
I (2) :Ndak



R :*Nek kupat luar niku kupat biasa?*

I (2) :*He'eh kupat biasa*

R :*Niku diisi nopo?*

I (2) :*Yo diisi sego yoan*

R :*Oh wonten segone?*

I (2) :*He'em. Beras yo'an*

R :*Oh beras nopo sego mbah?*

I (2) :*Beras.*

R :*Oh dereng di godhong nggeh?*

I (2) :*ho'oh*

R :*Lek kupat luar niku, pas teng acarane niku, pun dadi kupat ngoten nopo tasik..*

I (2) :*Wes dadi kupat. Engko wujud ki, lek kupat luar ki nduwe nadzar, kupat luar kui engko isine beras kuning. Pungkasane kene dibalekne kene, kene dibalekne kene, kene dibalekne kene, cukup lek ngajatne, arepe dikajatne iki didudud. Supoyo luar ki di dudud sret ngono, udar dewe dewe. Cut kebyar to anune, berase kuning kui*

R :*Niku nyimbolne nopo mbah lek ngoten niku?*

I (2) :*Yo nyimbolne, ndazar-nadzar kui iso keluaran dino kui*

R :*Emm. Kolo gumantung mboten nggeh?*

I (2) :*Ndak, mek kolo kependem, kolo gumantung yo mek gedhang tundunan kui*

R :*Kolo kesempar ngoten mboten wonten?*

I (2) :*Ndak enek, ndak enek*

R :*Lek brokohan wau anu nggeh*

I (2) :*He'eh, yo sego biasa, lawuhe janganan kui, kulupan, ndog*

R :*Lek jenang suro niku dospundi?*

I (2) :*Jenang suro kui, koyok sego dijenang, lek jenang abang kan dikeki gulo, lek jenang suro yo ngono kae, terus engko dikeki dhele, dikeki kacang dhele ngono diplenet-pletne ngono, opo koro dicemplung-cemplungne ngono, diarani jenang suro ki, kacang kawak budhe kawak nyemplung neng kono*

R :*Kakang kawak?*

I (2) :*Kacang kawak budhe kawak barang ki di encep-encepne neng kono*

R :*Kacang kawak niku nopo?*

I (2) :*Kacang kawak ki yo kacang tahun kepungkur*

R :*Nopo kok kudu dilebokne ngoten?*

I (2) :*Yo kui cut jenenge jenang suro. Jenang suro ki, suro moro tahun iki balak ojo sampe temomo.*

R :*Oh ngoten, artine ngoten*

I (2) :*Jenang suro ki sing disediani balane ratu kidul.*

R :*Bentuke nopo niku?*

I (2) :*Bentuke yo jenang kui, koyok jenang abang terus dipletrekne cut diencep-encepi kui maeng*

R :Oh rupane nggeh abang ngoten?

I (2) :Putih, jenange rupane putih.

R :Lek cok bakal niku nopo sih mbah asline mbah?

I (2) :Lek cok bakal ki yo, bumbu cok bakal ki embuh aku ndak ngerti, sing ngerti ki bakul kembang

R :Niku nytosi sinten?

I (2) :Cok bakal ki yo coro jawane sing disediani yo bangsane sanak dhanyang, kakiamong nini among kui.

R :Kudu limo nggeh?

I (2) :He'eh

R :Lek umpami, salah satu persyaratan slametan mboten wonten ngoten, dospundi? Mboten nopo-nopo, nopo wonten balak e?

I (2) :Yo kolo mongso pangkah dienekne le, saben tahun lek slametan. Neng kolo mongso, lek manten kucing ki biasane yo rong tahun pisan kae.

R :Oh dua tahun sekali

I (2) :He'eh. Lek biyen-biyen ki saben tahun ki, lek biyen kurang udan ora enek saluran banyu-banyu ngeni iki. Dadi kabeh ki meng tadah udan. Saiki sarehne enek saluran banyu-banyu ngono kui, lek ndak kekurangan banyu tenan ora dienekne manten kucing, lek ngenekne yo kui, rong tahun pisan

R :Lek wau kulo cirose pak bayan niku, cirose 2 minggu yang lalu mbah, wonten temanten kucing niku leres?

I (2) :He'eh, ning manteno kucing yo ora enek ditanggapan opo-opo, mek manten kucing, lanang wedok ditemokne, cut didus neng kono, terus slametan uwis.

R :Njenengan nggeh engkang anu?

I (2) :Ndak, aku ra nyenggol aku. pokoke lek ora keramaian ora nyenggol aku. lek keramaian mesti aku iki. Mergo piye, sing ngajatne wong sak deso pelem kene, sing banter muni ne. Sing tatag yo mek aku dewe. Dadi aku ngajatne lewat corong ngeni kui, ko pelem kono nggenah.

R :Oh, pas ngujubne ngoten ndamel corong nggeh?

I (2) :He'eh, nganggo corong lek pas ramean.

R :Dadi mben anu niku gedhe gedhe nggeh?

I (2) :He'eh. Pacakaku yo wes ngono kae

R :Dados kucinge niku kudu beda dusun, terus ditemokne neng coban. Kucing kudu telon condromowo

I (2) :Lek biyen, lek saiki sak enenge kucing, mergo nggolek condromowo kan ndak enek. Soale kucing ki lek manak lanang telon dipangan mak e dewe.

R :Lha kok ngono?

I (2) :Embuh, corone maneni wong tuane ngono piye

R :Kui lek cirose sing bopong manten e, kucing e niku tiang sepah nggeh?

I (2) :Jik enom, lha sing nggendong mantene lanang ki, anakku lanang ki

R :Tapi asline niku tiang sepah nopo tiang nem mbah?



I (2) :Wong enom, kudu wong enom. Coro jawane yo sing urung tuwek nemen, nduwe anak loro ngono

R :Oh, maksude mboten sak kulo ngoten nggeh?

I (2) :Ndak, lha lek dayang-dayang e manten lanang ngono kui yo joko loro ngono, dayang wedok kui yo prawan loro

R :Tapi sing mbopong niku sing sampun keluarga?

I (2) :He'em. Sing nyekel kembar mayang ki yo kui, joko loro karo prawan loro ngono.

R :Kembar mayange dibopong. Dadi iki mboten menurut, mboten mben suro nggeh acarane?

I (2) :Ndak, pokoke ketigo kekurangan banyu. Biasane ketigo ki neng sasi limo banyu. sik akeh nandur pari digadu, cut kurang banyu kui dienengne tiban. Dadi ora mesti neng sasi suro loh. dadi saben tahun ki kan ganti sasine



**Appendix 2 b**

**Date of interview** : **December, 12, 2015**

**Place of interview** : **Mbah Sandi's House**

**Interviewer** : **Researcher (Luqman Hakim)**

**Informant** : **Mbah Sandi**

*R* : *Nggih mbah niki kulo rekam, terus kulo badhe tangklet masalah sejaraha sesajen niku. Kok dospundi misalkan wingi mbah sandi nate ngomong lek Umborampene niku Lodho Sego Gurih, terus Nymbung Tuwuh, Golong Limo, Buceng Kuat, Segu Punar, Kolo Pendem, Brokohan, Jenang Suro, Cok Bakal, kaleh Kembar Mayang. Ngegeh, Wonten maleh nopo mboten?*

*I (2)* : *Ndak le, eneke yo kui. ndak eneng jajane pasar ndak eneng. ndak nggae jajan pasar.*

*R* : *Bade tangklet lek kembar mayang niku maksude nopo to mbah?*

*I (2)* : *Kembar Mayang ki coro jawane yo sing kanggo nemokne manten kui coro wonge. Manten ki kan Kembar Mayang. Sing diarani Kembar Mayang ki, coro bibit, kuno kunane minturut jaman Purwo diarani Kembar Mayang ki sing gawe kan dewo.*

*R* : *Oh niku saking dewo ngoten?*

*I (2)* : *He'eh cut diturun awake sampek saiki ki jaman purwo ki dewo. Naliko rabine Janoko kui mbutuhne Kembar Mayang Sinomparijotho to kembang dewondaru*

*R* : *Sinom nopo mbah?*

*I (2)* : *Sinom parijotho sing iso mekar dewe sing gawe kui Dewo Suroloyo, diarani Kembang Mayang Sinomparijotho yo Kembang Dewondaru. Nah lek tekane awake saiki kenek diarani Kembang Mayang Purwo Sejati Pang Papat Limo Punjer.*

*R* : *Niku namine, kembar mayang niku?*

*I (2)* : *He'eh.*

*R* : *Nopo wau mbah?*

*I (2)* : *Kembar Mayang Purwo Sejati Pang Papat Limo Punjer. Sing nggawe poro pinisepeuh saiki. Dadi wong tuwo-tuwo nglumpuk nggawe Kembar Mayang kui. nah lek Jaman Purwo Sejati ki, Janoko ki lek ndak iso rabi ki lek ndak eneng Kembang Sinom Parijotho utowo Kembang Dewo Ndaru ki kan ndak iso rabi. Ngono kui, terus coro jawane dipethik sampek saiki. Saiki jenenge Kembang Purwo Sejati Pang Papat Limo Punjer. Lek Jaman Purwo Janoko rabi kan nggawe srah-srahan. Dadi srah-srahane coro kene yo iring-iring ngono kui. nah lek biyen, naliko rabine Margono Janoko kui ngangge srah-srahan Kebondanu Pancalanggung patang puluh papat, sing nggiring Ratu Sewu Negoro. Terus sing ngiring-ngiringi Macan Putih sing iso toto jalmo karo Riwondo sito sing iso toto jalmo. Dadi Kentur Putih sing iso ngomong.*

*R* : *Nopo? Kentur?*

*I (2)* : *Ho'oh, kentur hanuman kae. Lha kui cut sing ngiring kemanten kui Ratu Sewu Negoro kui nganggo srah-srahan Kebondanu Pancal Panggung Patangpuluh Papat. Kui srah-srahane rabine Janoko. Lha saiki srah-srahane Kembang Purwo Sejati Pang Papat Limo Punjer ki dipasrahne karo Mbok Dewi Salupi karo sing nggae, karo pinisepeuh neng amben tengah. Lek wes di serahne ngono di janji, "Mbok Dewi Salupi aku titip Kembar Mayang Purwo Sejati Pang Papat Limo Punjer iki, ora kenek di jupuk sopo sopo lek ora prawan sekembaran karo joko sekembaran" sing wajib nggowo kembar mayang kui. Yo kui ngono kui sejaraha lek kembar mayang. Kui nakokne kembar mayang loh yo. Yo ngono kui jelase. Sing nggae lek biyen poro Dewo Surowoloyo mulane diarani kembang Siropato Joto ki sing iso mekar dewe. Ora usah di karne asale mingkup mekar dewe. Lha nek coro wayang yo kui kembang Sinom Pari Jotho ki utowo Kembang Tepu Dewondaru. Siki neng awake*



iki, awake ki coro wayange ki kan wes krucil. Yo kui sing gae poro pinisepuh kangge nemokne aku lan koe lek rabi, sing diarani Kembang Purwo Sejati Pang Papat Limo Punjer. Sing gawe poro pinsepuh, ibarate ceritane poro sesepuh dipasrahi kon golek kui rabine anak wedok ki gelem di mantu. "aku gelem di mantu ning lek aku njaluk srah-srahan pak", "srah-srahane opo to nduk?", "Kembar Mayang Purwo Sejati Pang Papat Limo Punjer" sing ngiringi kudu prawan sekembaran karo joko sekembaran, dadi seng nggowo ki kudu prawan, sing sak jodo ki prawn sakembaran, sing sak jodo ki joko sakembaran. Cut diijolne dikawinke.

R :Oh terus di ijolne nggeh?  
I (2) :He'eh lek wes temu ngono dikawenke. Sing sitok ki di irokne manten lanang, sing sitok tekane manten lanang diirokne manten wedok. Dadi sing kawin ki ora mek e manten tok. Kembar e mayang ki yo di ijolne.

R :Nopo kok kudu diijolne mbah?  
I (2) :Syarate mbiyen nono kui.

R :Niku lek kembar mayang niku wonten bentuke nopo walang, nopo dibentuk-bentuk ngoten?  
I (2) :Ho'oh le sembarang-mbarang, yo enek sing gambare anu, sing gedhe dewe sing baku sing gambar awak ngene iki sampek sak tangane

R :Oh kembar mayang niku bentuke awak kaleh  
I(2) :He'eh iki-iki pokoke tangane ngene iki, terus iki enek drijine ngono terus iki sampek igo. Sing di gambar iki sampek entong kene. Lha kene igo kene ki sing diarani Jentik Manis Sri Gerih, terus diarani Pletre kui mapane neng kene. Eneng sing diarani pletre, nah sing koyok dipulintir ngono kui dadine otot iki. Sing diarani kembang temu, kui mapane neng sirah utek kene. Dadi genep le, kembar mayang kui sak eneke kembar mayang, wong sesepuh iso nggae kembar mayang, lek ndak iso ndegerne neng awake manten sekarone, mbesok lek mati yo abot angel. Ngono loh le. Iki omongku ki wes mlebu kono loh yo

R :Nggeh niki kulo rekam  
I (2) :Yo ngono kui, sejahe lek e Kembar Mayang ngono kui. Mulane lek Kembar Mayang saiki bar gae kembar mayang dienengne selamatan. Selamaten ki sing diarani Midodareni. Ucape poro pinisepuh ditakoni karo sing duwe omah, "iki tak golekne etan teko jagad etan, kidul teko jagad kidul, lor teko jagad lor, kulon teko jagad kulon, sampek teko bumi Mekah ora kepetuk. Tak rawangi munggah gunung nglangkahi segoro wedang" supoyo segoro wedang ki ben ndang disuguhni wedang karo sing duwe omah bar gawe hehe. Gunung bubuk segoro wedang ki ben di suguh heheh. Jawane kui sanepen e wong gae kembar mayang. Nah wise ngono bar midodareni terus kajatan kui, Midodareni kembar mayang kui supoyo di ngge nekakne pulunge manten sing diarani pulung germono lan germani.

R :Pulung niku nopo mbah?  
I (2) :Pulunge Manten Lanang karo Pulunge Manten Wedok. pulunge manten lanang Germani, pulunge manten wedok Germono. Dadi nemokne pulunge Germono karo Germani, Komojoyo karo Bethari Rantih, terus Siti Kotijah karo Kanjeng Nabi Muhammad.

R :Dadi saking ceritane rabine janoko nggeh  
I (2) :He'eh. Sampek sak awake ki sing di turun jaman Purwo. Mulane saiki sing diarani Kembar Mayang ki ora kembar Mayang Sinom Pari Joto utowo Kembang Dewo Ndaru, saiki sing diarani Kembang Purwo Sejati, dadi ndidik jaman Purwo. Diarani Kembang Purwo Sejati Pang Papat Limo Punjer ki ngeneki neng manten loro. Manten, sedulurmu kui kan sedulurmu papat limo ujude kowe kui, ngono lo le. Opo nyoto tenan lek sedulurmu papat ki eneng? eneng. Ning kaceke urung eneng sing iso nggoleki. Ning lek kowe mbesok arepe rabi, pengen arepe eruh, sedulurku papat ki wujud koyo opo, reneo. Kowe tak

dudo. Neng kowe kudu wani, kendel, sugih kendel bondo wani. Mergo omah sing kok turoni kui wae, kowe turu soko lor etan pitung bengi, kidul etan pitung bengi, kidul kulon pitung bengi, lor etan pitung bengi, tengah bener telung bengi. Iki omah ki ora eneng menenge kok turoni. Kowe senden soko, omah hregg koyok lindu gedhi mben bengi. Dadi sangune kowe kudu awak iki dingge sangu njaluk slendange mbok. Dingge naleni awake iki karo soko. Soko lor etan kowe silo metekel, sendenmu mandep ngidul, lek kidul etan madep ngulon, lek kidul kulon madep ngalor. lek Lor kulon madep kan tepuk. Lek wes tepuk kowe turu tengah bener iki telung bengi nggoleki cangkoke Kembang Joyomulyo. Lek kowe wes iso methik kembang Joyomulyo kowe dadi sesepuh. Ketiwere donyo ki ditakokne uwong kowe iso njawab. Iki omongku kabeh mlebu ronoh loh yo, umpomo kok rekam takonke gurumu wes genah karek ngrungokne.

R :Oh nggeh. Berarti dowo ceritane nggeh mbah?

I (2) :He'eh. Wong lelakon sesepuh ngene iki lek urung teko wayahe, urung nglakokne mantu golek takok ngene-ngene ki iso gendeng.

R :Terus mbah, niku wau kan sejaraha kembar mayang nggeh. lek sejaraha cok bakal niku dospundi mbah?

I (2) :Cok bakal le? Cok bakal kui enenge cok bakal, ki rakitan bangsane mpon-mpon. Sak enenge mpon-mpon diirisi titik-titik dicemplungne takir, terus karo badeg ngenengke lombok terus dicemplungne kui kebutuhane wong urip neng donyo. Arane diarani cok bakal sing disedekah i ki sing mbakali deso kono.

R :Emm, niku dipersembahkan untuk sesepuhe sesajine?

I (2) :He'eh. Dadi cok bakal kui di gae sesaji ibarate Sanak Danyang neng kono utowo punden neng kono. Biyen nalikane jaman sakwise jaman purwo kene naliko silem wong entek resik, rengsekane wong ki digrabag neng segoro kidul diguak. Ning kolo mongso eneng sing kari, "loh kowe kok sik ker?" kegi karo babatane. Lek babat biyen neng kono. Penake kegi karo pekarangane lek babat ombo kui. "lek kowe ker kene, mbesok menowo kene enek tukule jalmo neh, kowe dadio kakiamong niniamong utowo sanak dhanyang neng deso kene", "openono jalmo manungso sing nang kene mongen amprih slamete piye" ngono.

R :Lek sejaraha lodho sego gurih niku dospundi mbah?

I (2) :Lodho sego gurih ki yo anu le, sing disediani yo sing mbakali neng kono karo lingguhe dino pitu pasaran limo, wuku telungpuluh.

R :Nopo mbah?

I (2) :Dino pitu, pasaran limo, uku telungpuluh.

R :Niku nopo niku?

I (2) :Yo sing disedekahi ki kui ucap-ucapane. Karo kanjeng nabi Muhammad sak garwo putrane, karo sekabat sekawan.

R :Sekabat sekawan niku sinten?

I (2) :Sekabat sekawan ki yo corojawane anak buahe papat

R :Anak buahe kanjeng nabi?

I (2) :He'eh

R :Dados sing di sedekahi dino nggeh?

I (2) :Dino pitu, pasaran limo, wuku telungpuluh

R :Niku nopo to mbah kok kudu di ngotenne?

I (2) :Yo kui anu le, eneke di sedekahi ngono minturut jaman nenek moyang biyen. Wong biyen kan wong ahli laku kabeh.,Kui dituwuhne neng awakmu diwenehi nyambung tuwuh,



*mulane kui nyambung tuwuh ki ngenengne buceng sekembaran. Dadi wong siji ki bucenge loro, buceng lanang karo buceng wedok. Mulane diarani buceng lanang karo buceng wedok ki kumpule roh dadi suwiji dadi kowe kui. ngono loh. nah golong kui meruhi sedulurmu papat, sing mbopongi awakmu rino lan wengi supoyo dikajatne diwenehi golong ki supoyo iso golong gumolong rino lan wengi. Lha lek nyambung tuwuh karo buceng kuat. Buceng kuat ki supoyo kowe kuat slamet neng alam donyo, lekmu ngumboro mapan neng endi kowe slamet. Kui Maesa Agung.*

*R :Maesa agung niku nopo?  
I(2) :Maesa Agung ki yo coro jajan sakrenane. Kupat luar polo kependem sak andane kui jenenge maesa agung. Maesa agung kui nyedekahi sedekah neng gusti Allah, mbok menowo neng cerito sing ora disengojo eneng sing kleru tindake sing ndak bener, rembuke sing ndak bener, opo wae mugo-mugo gusti Allah maringi pangapuro, agunge pangapurane, agungo keslametane agungo rejekine. Mulane diarani mesa agung.*



**Appendix 2 c**

**Date of interview** : **February, 28, 2015**

**Place of interview** : **Mbah Sandi's House**

**Interviewer** : **Researcher (Luqman Hakim)**

**Informant** : **Mbah Sandi**

*R* : *Anu mbah, niku, kan wonten watu gedhi-gedhi nggeh teng cobane niku. Niku nopo wonten engkang njupuki ngoten niku? Maksude di ngge bangunan nopo nopo ngoten*

*I(2)* : *Ndak, ndak iso, ndak wani*

*R* : *Nopo toh mbah kok mboten wani?*

*I(2)* : *Ndak wani soale yo pancen pesadranan gedhe kui le.*

*R* : *Pesadranan niku nopo?*

*I(2)* : *Pesadranan ki sok ngge nyadran wong-wong adoh ngono kui loh le. Nyadran kui yo selamatan neng kono. Kolomongso nduwe penjuluk opo parane rono ngono. Tur kui mbiyen naliko renendeng jemuah legi, bloronge metu.*

*R* : *Blorong niku nopo mbah?*

*I(2)* : *Blorong kui yo sirah e uwong ning awake ulo. sing nguasai kono. Diarani blorong ki, kui sing neng kono kui blorong wedok. Dadi lek sampek eruh, wong ki iso gendheng kedanan karo blorong kui*

*R* : *Mben jemuah legi eneng blorong?*

*I(2)* : *He'eh, kui biyen. Ning saiki coro jawane jarang le. Jarang metu. Kapan udan deres kui teko kene kurngu loh le, krosong-krosong-krosong, kui mesti metu.*

*R* : *Dadi ket biyen nggeh pancet ngoten nggeh? Panggah ngoten nggeh? Dadi waktune yo mboten wonten engkang mindah ganti mindah-mindah ngoten nggeh?*

*I(2)* : *Ndak wani eneng wong lurus yo watu sing neng kalen-kalen kae, watu sak mene-mene, cilik-cilik teko lor e buk kene. Neng kidule buk ki watu semene-mene ki njupuk di tumpuk ngono. Sak bare di tumpuk nduwe tari opo lek nda oleh di gowo yo ndak di jupuk. Ngono loh. neng kono kui danyangan embah brahim*

*R* : *He'em, tapi selain niku wonten lodho sego gurih, nyambung tuwuh niku wonten?*

*I(2)* : *He'eh kui ngge selamatan neng kono. Selamatan neng kono kui yo njaluk selamet wong sak deso kene eneng e kabeh lurah sak setap e kabeh sak rakyate. Nyambung tuwuh ki yo nyambung tuwuh masyarakat sak deso pelem, setap sak rakyate kabeh. Nah njemukne ki yo njemukne lurah sak rakyate iso akur pamong kabeh. Ngono le.*

*R* : *Riyen mbah, nyambung tuwuh niku maksude nopo to mbah?*

*I(2)* : *Nyambung tuwuh kui, mah mu kono pora yo eneng nyambung tuwuh? Nyambung tuwuh kui setahun sepisan, nyambung tuwuh awak. Diarani nyambung tuwuh kui njaluk slamet nyambung tuwuh, nyiram tuwuh badane si A sinambungo neng pengerane paringono panjang yuswo pepak o bedewane*

*R* : *Pepak o nopo?*

*I(2)* : *Bedewane, sedulure papat kui kudu pepak. Kui diarani nyambung tuwuh kui nyambung tuwuh e embah sing kok gowo kui*

*R* : *Tuwuh e mbah? Tuwuh e niku nopo?*

*I(2)* : *Tuwuh e ki yo komo ne mbah mu biyen ki kumanthol neng wong tuamu terus saiki dadi kowe kui. dadi turune mbah*



R :Katanane?

I (2) :He'eh

R :Lha niku di simbolkan dengan bucing?

I (2) :He'eh, bucing kuat kui supoyo kuat selamat neng alam donyo, eneng keluputane mugomugo di paringi pangapuro. Jenang monco warno ki yo eneng. ponco njliane sedulur papat limo wujud ojo sampek keru kudu rukun atur rutut. Yo sadulur panggondo, pangroso, pangucap, pangrungu, paningal

R :Nopo mbah niku wau? sedulur papat niku nopo? Pangrungu nopo?

I (2) :Sedulur papat ki ujude panggondo

R :Panggondo niku nopo?

I (2) :Panggondo ki kowe opo ndak mambu dengah-dengah?

R :Oh irung

I (2) :Iyo. Panggondo pangroso, pangucap, pangrungu, paningal, lan sedulure sing wenangi mbopongi rino lan wengi

R :Lan sedulure nopo?

I (2) :Sedulure sing mbopongi rino lan wengi, sing ngreso kowe rino lan wengi. Kuu dudu manunggal dadi wiji.

R :Lek niku wau nopo mbah? Pangroso pangucap, pangrungu, niku wau jenis jenis nopo?

I (2) :Yo jenise neng awakmu kui. kowe kan nduwe cerito iso pinter cerito ceritane sing marai yo sedulurmu pangucap kui maeng. Pangrungu isane kuwe ditakoni biyen sek cilik A ki opo B ki opo urung iso, ning soyo pinter soyo iso. Paningal wujud yo iki. Pangroso ki kan awakmu kan duwe roso lan bener .... legi lan pait, iyo to? sedulurmu iki mbopongi rino lan wengi yo sedulurmu sing jogo awakmu kabeh. Limo wujud awakmu ngono loh. ora usah kok catet mestine lek iki engko kok setel neng kono kok rekam nggenah.

R :Soale kadang kata-katanane niku mboten kulo ngertos, dadine kulo tulis riyen ngoten mbah

I (2) :Sampean kelahiran ngendi?

R :Kelahiran Tulungagung

I (2) :Lha gene kelahiran Tulungagung kok ndak ngerti coro jowo ngene ki kok ndak paham? Opo wong tulungagung ki ndak enek sing selamatan?

R :Jarang mbah sak niki, sing daerah kulo loh. nyambung tuwuh niku kulo nggeh anu sering krungu tapi mboten ngerti njerone. Maksud detail niku mboten ngertos.

I (2) :Lha wong kene ki masio ora sametan, saben tahun ki kudu slametan saben sasi suro

R :Slametane kudu teng ngriku?

I (2) :Yo ora, neng omahe dewe podo slametan dewe-dewe. Pokoke e sasi suro ki tanggale tau kui nylameti nyambung tuwuh anak putune kabeh. Ngono lek coro kene. Yo pokoke sak kidule mbeji ngidul lah. Mulai sobontoro ngidul kabeh carane ngono kui akeh. Nah kolomongso enek sing ndak nglakoni nyambung tuwuh, podo ndak slamet ngene-ngene kau ki ginio-ginio ndak gelem ngaweruhi karo enenge ndonyo. Ndak gelem ngaweruhi karo bangsane kanjang nabi mukamad, nak ngaweruhi karo gustiallah, ndak ngaweruhi karo sekabat sekawan, abu bakar, ngusman, bagindo ngali, lan kasan kusen monko ngono-ngono kui sing nylametne awake ngono loh

R :Jadi selamatan niku nggah nylameti ngoten niku sedoyo?

I (2) :He'eh, dadi eneng di slameti ngono kui, mlaku sak mlaku, ngomong sak ngomong, ojo sampek lek iso ojo kleru. Ning do ngonong kleru iki engko, kleru ne ngonong iso di gepuk

*i uwong, pora iyo? Ngono kui. kleru ne ngomong iso di gepuki uwong, klaru omonge sekecap iso kecemplung huwen*

*R :Kecemplung nopo?*

*I(2) :Kecemplung huwen. Yo di ukum, kleru sekecap omonge kleru ne isini klerune mengenai pemerintah, pora yo mesti kecemplung neng di kandangne. Mulane di arani menungso kolomongso lek mbah kiyai kowe sok kulino sobo langgar ben nduwe iman. Ojo sampek kowe ora sobo langgar. Lek kowe sobo langgar ra ngerti doso, ngono kui. yo lek ngerti doso, awake ki sembarang kan wedi ngono loh. ning nyango langgar lek ndak duwe wedi, kulino ngelone uwong sakpenak e tanpo guno. Lek bapakmu kene ora anu le mbah mu kene ki ndak tau neng langgar nak tau. Mbiyen sregep neng langgar. Ning wegah, wong langgar ki sok nyindir-nyindir dak gelem solat, aku sedih ngono kui. neng aku senajan ndak solat, didu karo pak kyai sing wes neng mekah peng limo, sanggup tak adaepane. Tenanan sanggup tak adepane. Pak kyai kon ngulehne wong sing wes neng malaysia sanggupe pirang dino? Engko lek aku kalah kon nggantung neng kabupaten tulungagung. Kowe magang tentara, njaluk o nang nggone kyai piye lek ngarani. Ning lek aku ngomong dadi dadi, lek ngomong ora dadi golek o dukun rangkep rongpuluh, lek dadi tak ombe uyuh e. loh tenan, ning lek aku ngomong dadi kon ndak dadi, ragatmu piro wajib nagih kowe.*

*R :Nyambung tuwuh niku bucenge pinten mbah? Lek teng manten kucing niku?*

*I(2) :Lek nyambung tuwuh ki batih e yo okeh lo le, buceng pitu.*

*R :Oh bucenge pitu?*

*I(2) :He'eh bucenge pitu di arani nyambung tuwuh ki. Terus golonge limo.*

*R :Kok pitu nopo mbah?*

*I(2) :Eneng e pitu?*

*R :Nggeh*

*I(2) :Yo njupuk dino to. dino pitu pasaran limo. Pasaran limo ki maman neng golonge, golong gangsal. Disambung disiram sederekake sederekipun kiblat sekawan gangsal wonten tengah sageto golong gumolong rino lan wengi ojo sampek owah. Mergo lek sedulurmu owah salah siji ndak ngemon kowe, kowe engko iso setres, ngono kui loh.*

*R :Lek wingi cirose nyambung tuwuh e kaleh soale nyambung mantene. Eh, bucenge sekawan ngoten, soale mantene kaleh, dadi lek*

*I(2) :He'eh, lek kui nyambung tuwuh manten le, nyambung tuwuh e manten ki mae wong siji ki kudu bucenge sak jodo. Ngono loh le. Lha lek manten lanang sak jodo, manten wedok sak jodo. Kui lek gae kembangan. Ning lek nyambung tuwuh batih, yo iki pitu kui. engko njupuk soko dino pitu, pasaran limo, wuku telungpuluh. Lha iki engko lek batih e akeh, lek gae paling ndak yo pitu peng telu buceng ki.*

*R :Emm, tapi lek teng manten kucing niku sekawan nggeh?*

*I(2) :Yo oraao manten kucing, manten o uwong yo mek sak jodo-sak jodo, makane di depi karo sego punar ngono kui maeng. Segu punar kui kan ngge njemokne manten sekalian, di ngge njemokne sekahing polong*

*R :Sekaing polong niku nopo?*

*I(2) :Pulong, pulunge manten. Pulong e manten lanang karo manten wedok iso dadi siji rucut, rutut selawase.*

*R :Gen rukun ngoten nggeh?*

*I(2) :He'eh. Yo wes kui, kui engko kok setel ngono kowe wes genah. Lek cerito lio liane, catetammu ndisek kui wes genep. Engko lek kowe tekok liane kene eneng sing ngruru kowe, omongo. Enenge deso mbangak ki jalaran soko piye, deso nggodong ki jalaran soko piye,*



*deso sumber ki jalaran soko opo, enenge deso jambu ki piye, tambah kedadean deso tambah karo pragas ki piye.*

R :*Lek golong limo wau, sego di kepele?*

I (2) :*Sego di pelangi ngono loh le, di buntel di pelang*

R :*Sak kepel-kepel ngoten?*

I (2) :*he'eh*

R :*Jumlahe limo?*

I (2) :*Ho'oh, koyok berkat ngono kae loh le.*

R :*Niku anu, ngaweruhi dinten limo, pasaran limo.*

I (2) :*Pasaran limo, bucenge ngaweruhi dino pitu, pasaran limo, wuku telung puluh dipun sambung dipun sirami sedulure sing lahir bareng sak uwot kakang kawah adhi ari-ari, sadulure panggondo, pangroso, pangucap, pangrungu, paningal sedereke engkang wenangi mbopongi rino lan wengi sageto slamet wilujeng, golong-gumolong*

R :*Ben iso golong gumolong ngoten nggeh?*

I (2) :*He'eh, makane golong ki lek ngucapne keru dewe*

R :*Oh ngoten*

I (2) :*Gulo gimbal-gulo gising. Gulo gimah gulo gising ki mapah sekawane dino karo tahun.*

R :*Nopo? Gulo?*

I (2) :*Gulo gimbal gulo gising kui sing di sedekah i, nogo tahun*

R :*Nogo tahun*

I (2) :*He'eh, sekahing kolo ojo sampek temomo neng deso kene*

R :*Buceng kuat niku gen masyarakate kuat nggeh mbah?*

I (2) :*He'eh. Lurah sak pamonge kabeh mugo-mugo kuat slamet lek ngemongi uwong kabeh sak deso pelem.*

R :*Riyen mbah, lek sego punar niku segone kuning?*

I (2) :*He'eh,*

R :*Sego kuning mboten di bentu opo-opo?*

I (2) :*Ndak yo mung di cetak bunder ngono, terus nduwur e di keki sego kuning, terus di lawuhi serundeng karo ndog.*

R :*Niku engkang damel njemokake?*

I (2) :*He'eh. Ngge njemokne mantene, upomo wong omah-omah yo ngge njemokne tanah iki karo seng ngomahi. Wong ngadek omah, mapan neng kono ki yo enek segane punar, mergo ngge njemokne tanah antarane sing ngenggoni*

R :*Njemokne niku nopo maksude mbah?*

I (2) :*Yo kui njemokne kui rasane njemok ibu bumi di jemokne kui supoyo awakmu kui mapan neng kono kui krasan. Tur kowe yo di tresnani karo mbok dewi mulat, moloikat kasim kowe rino wengi di ulati sandang pangan supoyo kowe selamet neng kono, supoyo nyambut gawe lancar ora kekurangan.*

**Appendix 3 a**

**Date of interview** : February, 20, 2015  
**Place of interview** : Pak Padelan’s House  
**Interviewer** : Researcher (Luqman Hakim)  
**Informant** : Pak Padelan (The Head of Karang Taruna)

R :Hemm, lek pas upacara ngoten niku pas slametane dijelasne niki umborampene niku buce ng kuat niku fungsine nopo dael nopo niku wonten?

I(3) :Yo jelas, ho’oh, yo wes ra bedo karo wong rabi. Yo mugo-mugo karon slametan buce ng kuat ki wargone kuat slamet ra onok opo-opo, terus gusti Allah tansah maringi keslametan, terus opo sing dadi penyuwune wong wargo kene ki iso keturutan, koyoto njaluk udan ki yo diparingi udan. Supoyo engko lek wis udan parine podo subur ngono loh. Intine yo mek ngono kui maeng

R :Nopo pak lek lengkape ngoten? umborampene niku?

I(3) :Yo enek kembang telon, cok bakal, terus mbah lurahe iko yo cukup sesaji neng nggone, kono kan enek wit jambu, kuwi no termasuk danyangane

R :Hemm, seasjine niku nopo pak?

I(3) :Yo mek dupo kui loh. Yo lek aku sampean ngomong ngene kan iso. Lek karo barang

R :Nggeh ngertos-ngertos

I(3) :Kan yo enek anune dewe-dewe. Yo coro sampean, “yo pak, kulo anu. Ngriki bade anu. Kan iso” tapi lek konoan opo iso lek gak enek alate? Bar ngono yo slametan, slamten yo ngono kuwi, buce ng kuat, nyambung tuwuh, terus lodho sego gurih ngono kae. Terus enek pisang sesanggan

R :Sesanggan? Sesanggan ki nopo?

I(3) :Pisang sak ember niko loh,

R :Sak tundun?

I(3) :Ora sak ember, rong anu

R :Oh rong ngeten, rong tangkep. Niku ket riyen sampek sakniki ngoten nopo wonten bedo-bedone?

I(3) :Pangguh. Krono yo perkembangan jaman mungkin yo pomo mbiyen ki sokor enek saiki yo tambah gedhi. Tapi coro anune pangguh

R :Pakeme niku wonten nggeh?

I(3) :Lek biyen gedange sokor anu, lek sakniki yo rodok akeh lah. Mari ngono biasane terus tiban. Lek jaranane mek ngge ngarak mari ngono tiban, yo enek uyon-uyone ngono maeng.

R :Yo teng ngriko?

I(3) :He’eh

R :Tapi cirose pun mboten dienekne akhir-akhir niki nggeh cirose pak haji niku?

I(3) :Pangguh dienekne, tapi kan yo ora, ora koyok biyen. Lek biyen sak dino-dino sabet-sabetan. Lek saiki kan yo dingge saronu lah. Kan kabeh ki srono, sabet-sabetan peng piro terus prei. Lek ora ngono yo kurang marem. Awake ngenekne upacara adat ki kan pikirane awake ben lego. Lek pikirane lego, ndongo kan ndak anu to. Njenengan lek berdo lek ndak pikirane padhang lek ndak nyampek, ngono loh. Dadi lek opo kurang siji ngono yo ndak mandi. Mandine kan krono awake dewe.



R :Oh ngoten. nopo nggeh wonten ujub jowone ngoten?  
 I(3) :Yo diujubne, sing baku yo sodakohan. Yo digolekne tukang kajat lah.

R :Tiang ngrki nggeh an?  
 I(3) :Ho'oh. Yo sing kulino, masalahe kadang kadang lek ndak kulino yo ora gelem

R :Hemm, tiang pundi pak?  
 I(3) :Yo sak petuke kok, sing iso ngajatne.

R :Nggeh tapi nggeh boso jowo nggeh?  
 I(3) :Jowo

R :Kulo niku mireng ngoten niku cirose upacara mben suro wonten maleh sing ngomong mben kemarau, wonten engkang ngomong ngeten. Ngoten niku dospundi pakeme?  
 I(3) :Ora enek pakeme kok. Kadang-kadang lek ketepatan sasine suro wayah ketiko kui yo ngenekne, lek biyen yo sasi suro, ning saiki iki kan ngene to, sasine suro sawah kene ki usum mbako, lek kudanan kan susah. Dadi sewaktu-waktu lek butuh banyu, baru upacara. Dadi bolak balik mas, cukup ngedus, mulane puanas ngono kae yo, slametan cukup yo udan. Jane wis nasional loh kui, wong neng taman mini kok wingi.

R :Hemmm, runtutane acarane dospundi pak?. Maksude mungkin dari awal sampe akhir niku dospundi?  
 I(3) :Yo ngono maeng. Lek kene berangkat dari desa, opo dari rumah warga

R :Oh dari rumah warga nggeh saget nggeh?  
 I(3) :Yo sing dekat. Kucinge kui di gendong wong loro

R :Di krangkeng ngoten nopo?  
 I(3) :Digendong biasa, kadang-kadang lek galak yo di krangkeng. Di gendong terus enek pengiringe, koyok pakaian kejawen. Yo enek sing macak tani, yo warga lah kono sing melu. Terus ngono enek reyog.e

R :Lek umpami persyaratane umpami kados umborampene mboten wonten satu mawon dospundi?  
 I(3) :Yo ra masalah. Yo Cuma awake dewe sing ndak penak. Awake dewe sing tau masang, masang ki tau nggae, kurang opo ngono lek kelingan kan ndak enak to.

R :Hemmm. Dadine mboten kok mengke kenek balak ngoten mboten nggeh?  
 I(3) :Mboten. Kui ndak anu kok, yo mek saking turun temurun ae. Ndak enek coro bare enek resiko ngene-ngene ndak enek.

R :Kucinge niku nopo kedah kucin telon? Nopo kucing biasa? Nopo kucing ireng?  
 I(3) :Yo sing luwih apik jane telon. Lek ora enek yo sak eneke

R :Oh, tapi umtamane telon. Nopo to pak kok kudu telon ngoten niku?  
 I(3) :Lek telon ki yo ra bedo koyok gedhang, nyapo kok gedhang rojo? Punya keistimewaan sendiri kok

R :Hemm. Telon niku susah ditemoni ngoten nggeh. Lek terakhir niki, telon nopo biasa?  
 I(3) :Biasa. Biasane yo tak jupukne anggora mbarang kok.e

R :Lek kulo moco teng internet ngoten, cirose wonten tembang dolanan ngoten  
 I(3) :Kui kan di kreasi, kreasi ae. Kadang-kadang kan mosok to didus tok terus bubar? Kan ndak anu ngono loh.

R :Hemm. Dados pengiringe ngoten sambil nyanyi-nyanyi ngoten nopo mboten?)  
 I(3) :Yo di kreasi, koyok kabupaten tau ngenekne ngono kui yo enek. Enek fragmene barang

R :Fragmen niku nopo?  
 I(3) :Halah yo koyok ludruk ngono loh; mbok rondo golek kayu, terus golek anu, yo koyok fragmen tenanan ngono kae loh. Tapi yi lek ora wong ahli seni opo yo iso?

R :Terus tanggpane masyarakat piambak dospundi pak kaleh acara niki?  
 I(3) :Yo setuju (setuju pak nggeh) soale selama enek puanas ngono kae yo ngeneng ne ngono. Terus imbase yang lain yo ndak ada, udan yo uwis.

R :Mboten tau enten sing menentang ngoten?  
 I(3) :Sing baku kita itu minta kepada Tuhan bukan kepada mbah coban, dengan prasarana memandikan kucing. Kan lain kan mas, agomo kan, kecuali karonu iki njaluk udan, kleru. Sing benar ki kan ngono maeng, sarana, memandikan kucing di telaga coban penake. Nyapo kok diarani coban kromo? Corone yo karonu enek manten, kucing loro kuwi loh. Kucing loro dimandikan ngono kan koyok manten kan. Lek dua ki, lanang karo wedok ki biasane manten. Kucinge didus gantian, terus diculne.

R :Terus di culne pak nggeh?  
 I(3) :Yo kadang enek sing eman, “oyo di culne pak” yo ora di culne.

R :Coban kromo nggeh?  
 I(3) :Kromo

R :Kromo niku artine nopo nggeh?  
 I(3) :Kromo ki rabi, mulakno manten kucing.

R :Dadose namine niku, mengikuti upacara niku. Tapi cirose bapak wau saking MUI wonten nopo wau?  
 I(3) :Halah, sing eneng MUI ki kan naliko festival neng kabupaten, kui kan enek sing salah kaprah di ijabne pas neng pendopo. Jane ngijabne kucing kan ndak bener, kok koyok uwong? Lha sakumpomo lek koyok kui opo di tentang to? Agomo opo anu toh? Kita kan bersama-sama memandikan kucing di telaga, bare sukuran. Opo enek sing nyimpang teko agomo? tapi kadang kadang wong-wong sing dak paham, “njaluk udan” ngono kui. sing bener yo ngono kui.

R :Dados pas teng kabupaten niku di ijabne kados uwong ngoten, maleh MUI ne ndak trimo?  
 I(3) :Ndak trimo

R :Tapi lek acarane teng ngriko ngoten MUI mboten pernah nggeh. Dados sedoyo..  
 I(3) :Ndak wani karo warga mas. Wong urusane adat kok di tentang, wong kui yo gur ngono loh. Pomo sampean yo, sampean kan yo mahasiswa kan yo luwih tau masalah agomo, koyok lek ku ngomong maeng nentang agomo opo ndak? yo kucing digowo terus didusne terus awake syukuran. Slametan kui kan syukuran kan yo tetep teng kanjeng nabi syafaate, mugi-mugi kanthi ngedus kucing dateng ngriki gusti Allah paring jawah. Yo kan yo anu to mas. yo wong sing pro kontra ki yo panggah enek. Sing agomone setengah-setengah, tur sing ndak tau nyedek, gese ndak tau nyedek ki enek kegiatan ndak tau moro.

R :Nggeh enten?  
 I(3) :Yo, tapi lek udan yo marem. nyapo lek di gae kebutuhan sekolah ngono aku anu mas. Lek sebatas aku iso yo dak masalah. Yo sebatas kui loh. Mengko umpomo sampean mampir mae pak lurah yo ndak masalah.



R :Nggeh, pemerintah ngoten campur tangane wonten nopo mboten pak? Maksude nggeh nguri-nguri budoyo ngoten

I (3) :Wonten, saking dinas pariwisata biasane manggarkan. Ya kadang kadang, yang dulu dulu itu ada. Mulane sampe neng TMII kan sing nggowo pariwisata.

R :Perbedaan mencolok antara ritual dulu dan sekarang niku nopo pak?

I (3) :Ndak ada. Yo mungkin lek saiki iki maleh enek dangdute. Kan bene engko bar ndelok, kan rituale mek sedilut. Karang taruna yo pengen seneng-seneng ngono loh.

R :Dados intine niku diarak kucinge terus dimandikan terus slametan. Niku inti acaraae?

I (3) :Intine yo kui

R :Tapi mengke enten sampingane kados tiban ngoten?

I (3) :Lek tiban niku asline kuwajiban loh



**Appendix 3 b**

**Date of Interview** : **Februari, 27, 2016**  
**Place of interview** : **Pak Padelan’s House**  
**Interviewer** : **Researcher (Luqman Hakim)**  
**Informant** : **Pak Padelan (The Head of Karang Taruna)**

R :40 hari yang lalu diadakan temanten kucing, tapi sekala kecil.  
I(3) :Sekala kecil. Ya lek aburampen, kui yo ndak ngurangi yo paling yo selamatan nyambung tuwuh ngono kae, koyok uwong ngono kae. Tapi lek rodok gedhen-gedhenan ki kan enek hiburane, yo macak, lha kui kan koyok jaman biyen. lek jaman biyen kan ndak macak loh, gok sawah yo gok sawah. Lek e sing anu kui yo sing nggendong ki yo koyok manten tenanan kae.

R :Niku lek alit ngoten, cirose lek gedhe kan diarak saking bale deso, menuju teng coban. Lek engkang elit niku dospundi?  
I(3) :Yo minimal tempat sepedah kui loh mas

R :Oh parkirane niku?  
I(3) :Ho'oh, kui kan omah e anu, biyen, omahe mbah lurah biyen

R :Dadi engkang kepungkur 40 hari yang lalu nggeh ngoten?  
I(3) :Yo tempat sepedah kui, kan lingkup kono kui tempate mbah sutomejo biyen

R :Terus diadakane kaleh pak lurah nggeh?  
I(3) :Iyo kerja sama

R :Harus?  
I(3) :Harus

R :Jadi walaupun acarane sekalane kecil tetep pak lurah nggeh?  
I(3) :Nggeh, karena dongke ne sing ngedus. Sing minta ki terutama kan pak lurahne, ngono loh. ora angger uwong iso. Yo modele iso tapi kan diambil soko demange kui maeng. Nyapo toh manten kucing kok selalu melibatkan kepala desa utowo lurah. Masalane masyarakat ki pro kontra. Sing agamane rodok kuat, kui ora gelem. Jereke kufur, ngono loh. tapi masyarakat biasa yo njaluke neng gusti Allah ora karo mbah coban. Melalui mbah coban dengan selamatan adat manten kucing. Tapi bisane lek ora lurahne yo ora gelem, soale kan yo nanggung. Nanggung biaya, nanggung anunue masyarakat kui. Kan yo mesti enek masyarakat sing kontra ngono loh. Walaupun adat kan istilahe, lek wong saiki lek ngarani, kuno. Jadi ngono lo. Memang nyapo to diambilne keturunan mbah sutomejo? Sing ngenengne pisanane mbah sutomejo, yo koyok ngimpi lah biyen, firasat kudu ngene neng kono ngono loh. Yo kabeh kan soale ceritane soale kan mek sitik to, dadi yo podho. Yo nggowo kucing di gendong wong loro lanang wedok, neng kono di dus terus selamatan lek iso yo tiban, karo dikarak jaranan. Lek gedhen-gedhen yo sampek uyon-uyon barang ngono. Kui lek pas enek dana ne.

R :Lek gedhen-gedhen niku danane di tanggung desa?  
I(3) :Iya, swadaya

R :Tapi lek skalane lebih kecil, ditanggung?  
I(3) :Yo lingkungan. lingkungan sing bener-bener, sing membutuhkan. Kadang-kadang kan kesadaran to. lingkungan seng arep nandur angel, ndak enek banyu, 'yo-yo-yo' mungkin yo 500 sampe satu juta kan wes cukup. Kene ke yo mek 500, kurango yo ndak seberapa



R :Emm, tapi lek lingkungan niku biasane sing ngajatne sinten mbah?

I (3) :Lek kui sembarang

R :Oh sembarang. Teng selamatane niku sembarang nggeh?

I (3) :Lek aku sing baku enek sing ngedus, lurahe gelem ngedus.

R :Emm, dadi nopo nggeh, utamane niku lurahe. Tapi lurahe mesti mau nggeh?

I (3) :Mau

R :Pak mujialam niku nggeh?

I (3) :He'em, kui kan sek buyut

R :Kulo kan tangklet-tangklet pak agus, cirose lurah e niku lek di tarik garis keturunan niku tasik sedoyo dari mbah suto mejo ganti sinten niko, sampe sekarang pak mujialam niku, tasik hubungan darah ngoten nggeh?

I (3) :he'eh, anak cucu buyut. Yang lain ya pak manan niku, yo pernah dijabat orang lain

R :Oh pernah nggeh tapi

I (3) :Pak manan, pak tariyo, pak gunung, mbah sutomejo ki sudah lama.

R :Tapi pak, tahun 2010 niku kan wonten konflik niku nggeh? Sing MUI niku. Niku imbase kalian manten kucing niku nopo sing pling menjenengan rasakan?

I (3) :Imbas eleke to?

R :Nggeh, maksud e efeke, riyen biasane setahun pisan nopo nopo, sakniki..

I (3) :Ora eneng, ora enek anu. Dienekne ra masalah, ndak dienekne yo ndak masalah. Yo lek udane apik, memang manten kucing ki yo mek waktu membutuhkan. Dadi ora terus, ngono yo ora. Kadang-kadang wes udan, terus ngenengne terus malah banjir kan malah susah./

R :Lek riyen niku per tahun to pak? Leres?

I (3) :Endak mesti. Kan sakjane tekan kabupaten ki lek gelem ngajokne enek dana. Tapi lek mek cilik yo isin. Lek gedhi yo ra cukup. Paling 3 juta, lek saiki 5 juta kan ndak cukup. Mesti nyoting, mesti orkes

R :Njenengan nopo tasik gadah video ne?

I (3) :Ilang o, buh neng ndi. Kene kae aku yo ora njaluk di gowo mahasiswa unair kae. Yo disileh di gae anu kae, ora di balekne.

R :Pak agus niko kulo tangkleti nggeh moten wonten nggehan

I (3) :Paling kon tekok aku?

R :Nggeh, terus tangklet pak mujialam nggeh an pun an, terus pak muji alam cirose teng balai desa. Terus teng balai desa kulo parani mboten wonten, cirose teng pak mujialam. Tapi umborampene nopo wae lek sekalane kecil?

I (3) :Podo wae

R :Niku engkang ngurusi sinten?

I (3) :Opone?

R :Sing ngurusi umborampene ngoten?

I (3) :Yo wong wedok-wedok kui

R :Dados lek swadaya ngoten pun wonten pebagiane nggeh? Bagian masak sinten..

I (3) :Yo nggon tempat sepedah kae loh, mbah lah, mbah guru. lek tekok umborampen neng kono loh nggenah.

R :Mbah guru namine?

I(3) :Mbah lah

R :Dadine nopo wae ngerti nggeh?

I(3) :Ngerti, corone duwit di brukne kono wis ngerti.

R :Pas ritual ngoten niku, sing hadir teng tempate ngoten niku dibatesi nopo mboten?  
Maksude laki-laki nopo

I(3) :Ora, sembarang

R :Lanang wedok campur nggeh?

I(3) :Yo, bocah cilik. Lek seket ae enek lo mas. Tapi kadang-kadang kan ribuan to mas lek gedeng-gedeng. Paling nggak yo lima ratus lek gedeng-gedeng. Pak camat, teko, DPRD. Memang sakral, enek artine. Ning yo kui, neng deso ki kadang-kadang yo pro kontra. Kui pomo ngajak swadaya ki ndak mungkin 'kabeh yo urunan ge kui' ndak wani. Yo mek sopo sing gelem.

R :Dos pundi ngoten niku teknike?, maksude ngumpulne ne tiang niku dospundi?

I(3) :lek kene ndak susah lo mas. Pomo cetuk, he, manten kucing yo, 'iyo'. Wes turah lek kene.

R :Oh ngoten nggeh, tapi nggeh pancet tasik wonten nggeh engkang nentang ngoten nggeh?

I(3) :Enek. Nentange ki yo mungkin yo agomone kuat, yo ora wani nentang anu, tapi yo kan mek wegah ngoten. ritual ki ndak setuju ki enek. Tapi yo sebagian. Engko di jak ki malah rame, padahal lek udan tenan nandur penek yo marem, munafik jenenge

R :Hehe, tapi lek mboten purun ngoten nggeh mboten teko pak? Nopo nggeh tasek teko?

I(3) :Ndak, ndak gelem, kan salah arti to wong-wong. Selamatan neng kono kan harom, padahal adat ki kan ndak boleh di lupakan to.

R :Tapi anu nggeh pak, tegange niku mboten kok sing nemen ngoten nggeh?

I(3) :Ndak. Ora loh, yo mek biasa, yo wes meneng ndak anu. Lek aku yo wes kesepakatanku mengambil kesimpulan yo ben ditanggung lurah. Lek enek kurangane dana yo lurah, lek enek apik elek e yo di tanggung lurah

R :Oh berarti lurah niku salah satu strategi nggeh, damel tameng juga nggeh

I(3) :Tameng

R :Biar engkang mboten setuju niku meneng ngoten

I(3) :Wes meneng, saya tanggung jawabe kan ke lurah, lurah A yo A. Yang baku awake ndak mengurangi hak seseorang toh? Lek ngono opo mengurangi? Kita kan usaha. Tapi yo uwong satus ki yo mek siji

R :Emm., engkang mboten setuju ngoten?

I(3) :Emm, sing agamane kuat yo okeh, sing ndak anu. Kadang-kadang wong seng setengah-setengah ngono kui loh. wes lek di tekoni lurah, 'opo enek sing ndak setuju?', wes kabeh setuju. Tapi sing iso milah kan sing ngene-ngene iki

R :Tapi pak lurah nggeh support dana pak lek misalkan wilayah ngoten?

I(3) :Iyo

R :Tapi desa mboten nggeh? Maksude atas

I(3) :Yo ndelok-ndelok, lek cilik ngono yo uang pribadi kabeh, aku, lurah, uceng, wong piro ngono wes cukup toh

R :Emm, jadi sebenare tasik berjalan nggeh ritual niku?



I (3) :Isek

R :Soale kan kemaren kulo konfirmasi ke dinas pariwisata, bu yuni, engkang rien ngurusi ngoten niku yoan. Cirose nggeh pun lama mboten diadakan. Maksude lama niku dalam sekala gedhe mungkin nggeh?

I (3) :Anu, lek biasane kan ngajoken neng pariwisata, ngundang pariwisata. Terus di pikir-pikir ki yo engko dampake yo okeh, pilih cilik-cilikan wae gene kok.. mungkin pak maryono nduwe fotone.

R :Emm.. emane, ngenteni pirang tahun maleh niki hehe

I (3) :Satu tahun sekali. Lek udane lancar yo ora. Dadi lek wong kabupaten, wong pariwisata ndak tau, ogah laporan. Kene laporan yo mesti anu, tapi lek ndak rodok gedhe titik ngono, malah yo wes rugi

R :Nopo kok rugi pak?

I (3) :Yo engko lek ra rodok mewah ngono, di foto wong kabupaten kan yo isin. Lek ngono kan awake urunane yo nyatus rungatus wong telu wong papat dadi. Butuh-butuhe dewe. Lek kono kan diambil gambare kono, ngge anu kono. Awake ki kok anu yo ndak, dana semene medun semene ngono kui malah wegah aku.

R :Malah repot pak nggeh?

I (3) :Malah repot. Lha piye lek oleh dana teko kabupaten 5 juta, dadak macaki, terkadang sing tiban ki, 'oh oleh duwit' yo njaluk bayaran. Kan rugi, awake wes malah tekor loh. lek ngono kui wes selamatan awake dewe ae, lurah, perangkat sing gelem-gelem ngono kui.

R :Hemun dadi nggeh mboten wonten tibane nggeh?

I (3) :Yo mek tutuk-tutuk ngono kui, cah cilik-cilik ngono kui. yo alhamdulillah yo

R :Emm tibane diganti lare cilik-cilik ngoten? pokoke nopo nggeh, demonstrasine wonten ngoten nggeh? Dadi lengkap nggeh, ngedusi kucing wonten, selamatan wonten, tibane wonten?

I (3) :He'em

R :Tapi biasane nggeh tiap tahun pak nggeh?

I (3) :Lek lingkungan kene kui, mek lingkup yang bener-bener membutuhkan situasine, tapi tiap tahun sekali. Dadi waktune ndak bisa di anu, ndak bisa. Wayah ketigo, wayah mbutuhne panas ngenekne kui, di tukari malah

R :Tapi cirose sakniki tanemane bedo pak? Cirose pun mbako ngoten?

I (3) :Iyo lek wayah pari mek an, ngene kan pari. wayah mbako nda wani. Hubungono pak maryono, 'sampean nopo kagungan fotone manten kucing dakamu niko?'

R :Selain lingkungan ngriki, engkang ngadakaken wonten pak?

I (3) :Ora enek

R :Maksude dari desa pelem niku berarti namung lingkungan jambu nggeh?

I (3) :Nggeh, memang adate wong jambu. Sebenere ki uduk adat e deso pelem, yo deso pelem tapi khususse wong kene. Wong seng kulon kono ora jarang

R :Anu, pinten dukuh to niki?

I (3) :Limo, Jambu, tambak, pelem, mberjo, mbangak

R :Diantara lima niki engkang..

I (3) :Seng gelem yo njambu karo tambak

R :Tapi engkang paling intensif niki jambu?

I(3) :*Jambu, sebabe seng duwe wilayah wong jambu*

R :*Oh, dadi cobane niku teng wilayah jambu nggeh?*

I(3) :*He'em*

R :*Dadi mboten wonten macak-macake nggotten nggeh?*

I(3) :*Biasa. Dadi ndak mikir pacakane koyok opo wes ndak, sing penting ngedus kucing, enek selametane uwis*





**Appendix 3 c**

**Date of Interview** : **Februari, 27, 2016**  
**Place of interview** : **Pak Padelan’s House**  
**Interviewer** : **Researcher (Luqman Hakim)**  
**Informant** : **Pak Padelan (The Head of Karang Taruna)**

*R* : *Lek ngoten niku makanane, kulo kan ningali saking fotone pak maryono, terus kan katah engkang dugi ngoten. niku nggeh di dumi sedoyo nopo dospundi?*

*I (3)* : *Ho’oh, sak ratane, yo mungkin lek sangkek, sok sok ribuan loh mas, lek kae kan mek titik ndak enek satu kae roto. Coro anu ngono yo segone titik-titik titik*

*R* : *Pokoke roto nggeh?*

*I (3)* : *Ho’oh, sak tekane sak entek e kui. ndak mungkin di itung loh. engko lek kiro-kiro wongge akeh, di jukukne sak enthong titik ngono kae, plek, iwak e sak suwir, wes ngge lung-lungan ngono. Dadi ndak enek loh istilah e kui pejabat kui lurah, kui anu dijupukne apik ndak, di cuili podo. Adil ngono loh.*

*R* : *Nopo kok mboten di bedak-bedakne ngoten?*

*I (3)* : *Yo kabeh kan yo podo-podo umate to. lek wes nang kono kui ndak enek kowe lurah-kowe anu ngono toh. Karepe ki wong urip ki ojo peh pangkat njaluk di ladeni apik ndak. Yo wis sama. pokoke lek wes selamatan ki sama, sak entong yo sak suwir ngono. Yo mungkin lek meneh i ki luwih disek mek ngono tok. Jadi walupun sedikit ki podo, adate wong anu ki lek sing luwih tuwek ki di disekne terus engko bocah-bocah. Adate wong deso. Dadi seng ngajatne ki ndak harus wong satu. Pokoke iso ngajatne ndak po-po. Tapi lek seng ngedus. Kui kudu keluarga, wes minimal lurah. Khusus lurah sing turunane mbah suto mejo. Soale lek lurah, menurut adat deso, lurah kui, lek kono kan lek ngarani dhanyangan to? Nduwure dhanyangan ki yo lurah. Dadi lek dhanyangan uangker ae, lek sing ngetok pak lurah ndak masalah. Dhanyange dhanyang. Lek ngarani wong deso kan dhanyang to ngono kui, nduwure dhanyang ku yo lurah kui. dadi lek neng deso kui, p omo lurah e ngetok kayu ngono-ngono kae wani. Tapi lek ngene ngene iki ndak wani. Dibawahe lurah ndak wani. Dadi lek aku, perangkat ku kabeh tak omongi, ko lek awake ngetok kayu sing angker aku di kongkon mbah lurah lo*

*R* : *Emm, ijine ngoten*

*I (3)* : *He’em*

*R* : *Jadi posisine lurah niku di atase dhanyangan nggeh?*

*I (3)* : *Nggeh, dadi lek wes ndak dadi lurah, ngetok yo ndak wani.*

*R* : *Oh ngoten?*

*I (3)* : *Iya*

*R* : *Walaupun niku sanes keturunan eyang sutomejo?*

*I (3)* : *Nggeh. Yo memang yang mengajarkan itu mbah sutomejo.*

*R* : *Tapi niku nopo nate di ketok uwit jambu niku?*

*I (3)* : *Yo di ketoko mek kayune sing anu. Maksudku ki pomo dhanyangan lio, “iki angker, iki enek anune” ngono kui kan eneng to? kui sing ngetok kudu lurah. Westo dukun puintero, engko lek*

*R* : *Ndak wani nggeh pak?*

*I (3)* : *Jarang wani. Cuman lurah kan enek, sampean tau kurungu lek pilihan lurah kae, “enek pulunge amune”. Pulung lek ngarani koyok anu kae, kepulungan-kepulungan*

R :Tapi niku kok diparingi sarung abang niku nopo?  
 I (3) :Kui ndak enek artine mas. Memang ndisek ki kan pas mas sopo kae S2 sing erlangga opo kae arep ngenengne kae, karepe cah nom-nom sing ko Bali ki di padakne nggae kain bali ngono loh. asline ndak enek artine ngono kae. Mek sekedar hiasan ngono kui loh. pomo di cepot o yo di ngge opo. Ceritaneng neng bali yo di ngonokne kayu-kayune

R :Nggeh cirose  
 I (3) :Aku yo urung rono kok

R :Jadi niku masio mboten urunan, tetep di keki nggek pak?  
 I (3) :Opone?

R :Kan cirose pak padelan wingi kan, sing urunan pak padelan, terus pak uceng terus niku orang-orang tertentu. Tapi lek engkang datang banyak nggeh tetep di paringi nggeh?

I (3) :Nggeh. Lek ngono kui yo ndak kok sing urunan sing di kek i. Sing urunan ki kan urunan ngenengne loh. kudu ngundang uwong, wong sopo sing gelem, wong sodakohan. Tapi tanpo di bina karo pak lurah, perangkat, kan ndak mungkin ngenengne masalahe siji, sing ngedus engko yo pak lurah. Peng pindo, lek golek e dana kui engko yo lek biasane wong-wong ngono kui ndak eneng sing ngoordinir kan yo mek umeg tok. Kadang-kadang yo soko dinas pariwisata, ngono kui lek lima tahun yang lalu kui yo mesti metu limang juta, telung juta enek mas mben enekne manten kucing ki. Tapi kadang-kadang yo tekor. Kan mesti gedeng-gedeng kan, enek orkese, eneng sembarang-mbarange. Terus ora disewakne ki penonton okeh, disewakne ki podo mbobol, nyatu yo lokasine ngono kui. dadi saiki mileh anu, ngenekne sederhana.

R :Mbah coban niku nopo mbah brahim niku toh?  
 I (3) :Jereke yo ngono

R :Makame teng ngriku cirose nggeh? Nopo dospundi?  
 I (3) :Lek teko kui ndak tek paham aku. wong-wongo kene kan yo mek arane-arane kabeh. Dadi awake dewe yo ndak, opo wae bener wong kabeh ndak eruh kui sing mbabat pekarangan kene tur yo ndak di catet. Ndak ada tertulis to, bedo karo tekok wong tuwek-tuwekane kene yo mek jerek.e jerek.e. karena koyok deso ki kon nggolek i asal usul e deso kene ki, jenenge pelem ki opo, jambu ki opo mek ngarang. Pelem ki mbiyen enek wit e pelem akeh ngono ae. Jambu ki opo, mbiyen sing mbabat kene nandur wit jambu kae. Wes ngono ae. Ndak tau loh, berapa ratus tahun yang lalu. Yo mungkin jaman sekarang, oh kui di catet, di poto, dadi iso persis. Engko putune awake dewe satus tahun lagi tekok sik eruh. Lek biyen, nulis ae podo ndak iso loh.

R :Tapi kok ngajatne ne kok mesti jowo nggeh pak?  
 I (3) :Umumé wong tuwek-tuwek kene kui bahsa indonesia ndak lancar.

R :Tapi bahasa indonesia utowo bahasa arab ngoten mboten nopo-nopo?  
 I (3) :Ora-opo. Engko lek bahasa indonesia ne lancar yo bahasa indonesia. Lek bahasa arab, yo mek dongane tok. Ndak eruh artine kan percuma to mas. Awake dewe ndongo bahasao arab ndak eruh artine kan, mestine Ya Allah aku paringono terus dongane keleru Ya Allah aku Patenono. Sing baku tahu arti dan tujuane. Yo ngajatne kok, yo niate iki bucing iki supoyo awake slamet kabeh, pomo sodakohan neng mbah coban kene oleh slamet kabeh ora oaleh halangan opo-opo. Ora kok sodakohan iki mbah coban ngekeki slamet ndak. Kan lain to? podo-podo ngomnge podo-podo nggowone anu tapi lain arti.

R :Tapi ngoten niku mesti mbakar menyan riyen? Jane runtutane dospundi sing biasane niku?



I (3) :Yo saurunge mbah lurah teko ki yo mbakar menyan. yo mbakar menyan ki kulonuwun, masalahe nyapo, kok lek nang dhanyangan neng nggone kono ki mesti mbakar menyan? yo lek awake dewe suguhane kan rokok, wedang. Lek konokan kan ora arep to? konokan kan arepe kan karo dupo. Panganane kan dupo. Sampean suguhono panganan seng enak-enak kan yo ndak teko nggon. Pomo di kongkon “mbah, paling ndak loh iki, aku rene nggowo sak bolo ki yo njaluk tulung, tulung jalukno udan neng gusti Allah, iki loh tak gowokne ambengan ki loh” yo ndak mangkat “wong aku ra kok keki pangananku” kasarane kan ngono. Slametan kan sing mangan kan yo wong-uwong.

R :Niku namung perantara ngoten?

I (3) :Apane?

R :Mbah coban niku?

I (3) :Perantara, sing ngekeki udan ki yo tetep Gusti Allah. Yo koyok sing tak omongne iki loh. gubernur yo, tapi sampean nduwe kenalan tukang sayur opo yo wes tukang nyapu neng kono lek sampean teko dewe kan yo teko nggon tapi kan yo suwi to? tapi lek sampean kenal aku tukang sayur, sampean karo aku opo enek wong seng arep tekok? Teko nggon to? padane ngono kui loh coro istilaha ki. Sampean arep nyetuki gubernur presiden, ring ngarep di tekoni, tengah di tekoni eneh, engko wes teko bale yo sek di tekoni, yo to? kui lek uwong karo uwong. Tapi lek kene kui sing baku enek aburampen, kucinge di dus, nyuwun, panyuwune yo bosu jowo.

R :Lek slametan niku, lek seng teng griyo-griyo niku lek sing paling adoh di keki diseke ngoten? kados slametan teng nggriyo niko seng paling adoh di keki diseke. Niku nopo nggeh ngoten pak?

I (3) :Yo podo ae. Kene lek malah wong kene mas, sing di keki diseke ki sing cedek, orao kebagean sing adoh. Lha wong okeh, sing di keki sing njobo terus, sing melok amin ngrungokne anu, ngajadne wong njobo urung mesti melok amin kok. wong kene sing cedek ki di keki diseke, turah neng njobo, turah neh sak enteke.

R :Ngoten niku sing mbagi, setunggal tiang nopo?

I (3) :Walah yo ora, ndelok situasi sing nom-nom kui, biasane ibu-ibu. Ibu-ibu kan gampang roto.

R :Oh berarti mboten enek anu nggeh, aturane kudu lanang sing mbagi ngoten nggeh?

I (3) :Ndak, pokoke lek wis sodakohan ki yo wis bebas loh mas. Sing enek aturane ki yo sing ngedus kui. kudu ratune dhanyang. Jane lek dongke ki kadang-kadang arang gelem kon ngedus.

R :Dongke niku sinten?

I (3) :Diarani dongke ki wong tuwek sing iso ngajate sing iso anu ki lo, Dukun ngono loh. biasane lek kon ngedus ngono kui, mbah lurah-mbah lurah ngono.

R :Sungkan nopo dospundi ngoten niku?

I (3) :Embuh yo, podo ndak gelem. Paling lek mbah lurahe ndak iso, opo gering opo-opo yo ora masalah. Coro doyo kekuatane batin ki kan sek kuat pak lurah. Pak lurah kan luwih kuat.

R :Niku nopo nate kering pak?

I (3) :Yo pokoke lek ketigone dowo yo kering.

R :Cobane kering nggeh?

I (3) :He'eh

R :Lek kering terus memandikan kucinge teng pundi pak?

I (3) :Keringoi ki kaline panggah enek banyune. Ndak mungkin sat kali ndak enek banyune-ndak mungkin, panggah enek. Senajan wit-witan liane kering ki kono sek enek banyune mili

R :Niku lek saiki wite telas to pak? Niku pun dangu nopo.

I (3) :Halah, lek jenenge gunung ki ora mung kene tok, ngendi-ngendi di tanduri rodok gedi ditebang. Yo milik negoro marai. Yo lek melek karo kayu kan yo negor, podo ngetok karepe dewe. Pora yo panggah pinter malinge. Ning lek lingkungan coban yo ndak wani. Sungkan masalahe kan imbase kan roto, efeke ki loh, efek sampinge kan lek ndak enek kayune terus sumbere entek.

R :Ngajatne mboten di batar nggeh ngoten niku?

I (3) :Ora enek. Jare lek ngonokan ki kan lek mambu dupo nglumpuk

R :Dupo kaleh menyan bedane nopo pak?

I (3) :Yo podo wae. Cumak ngene loh ya, dupo, menyan, ratus, yo lek istilahku kok ngene podo karo rokok. Rokok surya, rokok cempaka, wismilak yo lek aku ngongkon uwong, terus wong e ki biasane mae lurah ki rokokane gudang gareme tak gowokne rokok sak ngisore opo yo gelem? Padane ngono loh mas. Pomo sampean arep ngongkon uwong. "oh uwong kae biasane rokokane opo" kasarane ngono loh yo, sampean arep nggowokne sing lurah elek kan ndak sae. Iki yo ngono. Oh mbah coban kae senengane mratus, yo ngono.

R :Damel mediasi nggeh? Lek cirose wong-wong kan makani ngoten mboten?

I (3) :Lek sampean omong omongan opo di enggep lek ora nganggo? Arep ngongkon, mbah lurah ki loh, "aku njaluk udan mbah coban" lek ora nganggo kui opo yo di enggep? . di keki dupo, "ojo ngganggu anak putuku, aku yo ra ngganggu kowe aku njaluk tulung", paling yo mek ngono. Nyuwun neng gusti Allah, dino iki, kabeh kan makhluke Gusti Allah to? aku makhluke Gusti Allah, kowe makhluke Gusti Allah. Aku ra eruh kowe, kowe yo ra eruh aku. aku ra ngganggu kowe, malah tak wenei iki, yo mek ngono kui loh sak jane. Ojo ngganggu anak putuku, anak putu wargane kabeh. Yo lek cocok sesaji yo gleger yo langsung udan. Jane sakral yo mek sekarang ki kan rodok terhapus karo moderenisasi tapi lek di tenani yo isek. Awake ki kan anu, aku, lurah, perangkat ki yo, saling mengeman, saling menghormati karo wong sing agomone setengah nolak yo eneng yo di hormati, karo wong sing biasa yo iyo. Jadi yo wes kita ambil tengahe wae. Benar-benar membutuhkan yo dilakukan, lek ora yo ora. Lek ngge rutin malah ndak anu, ndak terkabul.

R :Maksude menghormati niku dospundi pak?

I (3) :Lha wong sing agomone kuat kadang-kadang, "musrik pak ngono kui", akeh to? tapi kan opo toh artine musrik kan ndak ada. jereke lek nguri-nguri ngono musrik. Kita ki ndak nguri-nguri kayu, watu utowo anu loh, wong awake dewe yo sholat, yo jemuahan. Kui ngono adat. Dadose awake dewe ngono kui lek e kekurangan udan yo wes sodakohan lah. Wong sodakohan ki ndak harus di rumah. di jalan baik, di gunung baik, di tempat apapun baik. Kita itu sebagai anu mas, lek wong ngarani pinisepuh, jenenge sesepuh yang di tuakan. Koyok lurah, perangkat kan di tuakan karo warga, dadi amrih kono ki marem, kene marem ki piye. Padahal lek udan tenan yo marem kabeh.

R :Lek di arani ngoten niku dospundi reaksine?

I (3) :Biasa. Wong sing ngono kui lek berhasil marem, tapi lek ndak berhasil nyokorne. Wong namanya usaha kok. wong awake dewe sing njupuk duwit neng ATM ae yo sok-sok yo ngebleng kok. njupuk duwit neng bank ki loh opo mesti lek hehe, so lali, sok teko kono anune mati.

R :Lek sing ngongkon terus, keyakinanane kuat ngoten nggeh katah mbah?

I (3) :Yo okeh, bahkan lek lingkup kono kui lek anake loro enek opo, "Yoalah mugo-mugo ndang mari, engko lek mari aku nggowo sego anget neng mbah coban" ngono kui sek okeh. Sapine





#### Appendix 4. Berita Acara Bimbingan Skripsi



KEMENTERIAN PENDIDIKAN NASIONAL

UNIVERSITAS BRAWIJAYA  
FAKULTAS ILMU BUDAYA

Jalan Mayjen Haryono No. 169 Malang 65145

Telp. (0341) 551611 Pes. 309 Telex. No. 31873 Fax. (0341) 565420

Telp. (0341) 575822 (direct) Fax. (0341) 575822 (direct)

#### BERITA ACARA BIMBINGAN SKRIPSI

1. Nama : Luqman Hakim
2. NIM : 125110100111038
3. Program Studi : Sastra Inggris
4. Topik Skripsi : Folklore
5. Judul Skripsi : **The Values of Harmony between Nature and People in Temanten Kucing Ritual**
6. Tanggal mengajukan : 21 September 2015
7. Tanggal selesai revisi : 1 Juni 2016
8. Nama Pembimbing : Dr. Dra. Sri Herminingrum, M. Hum.
9. Keterangan Konsultasi :

No.	Tanggal	Materi	Pembimbing	Paraf
1.	21 September 2015	Konsultasi Judul	Dr. Sri Herminingrum	
2.	2 November 2015	Penyerahan BAB I dan II	Dr. Sri Herminingrum	
3.	3 November 2015	Konsultasi BAB I dan II	Dr. Sri Herminingrum	
4.	5 November 2015	ACC Seminar Proposal	Dr. Sri Herminingrum	
5.	6 November 2015	Konsultasi dan Persiapan Semiar	Dr. Sri Herminingrum	
6.	13 November 2015	Seminar Proposal	Dr. Sri Herminingrum	
7.	7 Desember 2015	Konsultasi dan Revisi BAB I dan II	Dr. Sri Herminingrum	
8.	23 Desember 2015	Revisi final BAB I dan II	Dr. Sri Herminingrum	
9.	1 Januari 2016	Menyerahkan BAB III dan IV	Dr. Sri Herminingrum	
10.	15 Februari 2016	Konsultasi BAB III dan IV	Dr. Sri Herminingrum	
11.	23 Maret 2016	Menyerahkan Revisi	Dr. Sri Herminingrum	



12.	4 April 2016	Mengambil Revisi BAB III dan IV Appendix	Dr. Sri Herminingrum
13.	11 April 2016	Konsultasi BAB III dan IV	Dr. Sri Herminingrum
14.	15 April 2016	Mengembalikan Revisi BAB III dan IV	Dr. Sri Herminingrum
15.	20 April 2016	Mengambil Revisi BAB III dan IV	Dr. Sri Herminingrum
16.	22 April 2016	ACC Seminar Hasil	Dr. Sri Herminingrum
17.	27 April 2016	Menyerahkan Draft Seminar Hasil	Dr. Sri Herminingrum
18.	3 April 2016	Seminar Hasil	Dr. Sri Herminingrum
19.	16 April 2016	Revisi Ujian Skripsi	Dr. Sri Herminingrum
20.	20 Mei 2016	Ujian Skripsi	Dr. Sri Herminingrum
21.	25 Mei 2016	ACC Jilid	Dr. Sri Herminingrum

10. Telah dievaluasi dan diuji dengan nilai:



Malang, 8 Juni 2016

Mengetahui,  
Ketua Jurusan Bahasa dan Sastra

Dosen Pembimbing

Ismatul Khasanah, M.Ed.,Ph.D  
NIP. 19750518 200501 2 001

Dr. Sri Herminingrum, M. Hum.  
NIP. 19550418 198303 2 001

